

ZVIRONGO ZVAKATSEMUKA



Ishe, ndinotenda; Ishe, ndinotenda,
Zvose zvinogoneka; Ishe, ndinotenda.

² Ngatirambei takamira kwekanguvana tikotamisei misoro yedu. Ishe Jesu, tiri kuedza nenzira yedu yakazvininipisa, kuratidza kwaMuri, tichiimba izvi, kuti tinotenda. Zvino tinonamata, Ishe, kuti iye zvino, kuti Mucharamba muchitimedurira Chingwa choHupenyu, nokutipa izvo zvatinfoanira kuva nazvo, zvichibva muShoko reNyu. Izvi takumbira nemuZita raJesu. Amen.

³ Garai zvenyu pasi. Ndine chokwadi, kana tikangogona, kana ndikangotaura zvino inzwi rakazvikwanira rokuti “ameni,” kuti maropafadzo anoshamisa aMwari agoramba akazorora pamusoro peungano ino.

⁴ Ndanga ndigere mangwanani ano ndichinyatsoterera shumiro, ndikanakidzwa nezvapupu, nzira dzakasiyana dzematauriro anoitwa nemumwe nomumwe. Uyewo nokunzwa vatsva, nehama iyi yechiBaptist yauya kuzokumbira ruregerero pamusoro pokufunga zvakada kuti tsaukei. Zvino ndi—ndinofarira uyu munhu, munhu anonyatsomira somunhu, kana—kana semurume kwaye, zvakare, kana akafunga kuti akanganisa. Haana kunge achikumbira ruregerero kwandiri, anga asiri kukumbira ruregerero kwandiri, asi kuna Mwari. Nokudaro ndi—ndinofarira zvakadaro, maona. Mwari varopafadze hama yedu, nehama yake muvhangeri.

⁵ Zvangu ini, muBaptist uyu, munoziva, ini pachezvangu ndaimbovawo nhengo yechechi yeBaptist. Ndaive nhengo yeChechi yeMishinari Baptist. Pandakazouya pakati pevanhu, ndinoziva kuti muri kunzwa sei. Ndakaitawo manzwiwo mamwe chetewo, ndakangozara nechimwe chinhu chanda—chandanga ndisingazivi.

⁶ Ndinorangarira chitiko changu chokutanga ndichiona munhu wechiptekosta, kwakange kuri kuDowagiac, muMichigan... Ruregerero, ndakambenge ndiri kuDowagiac ndaenda kunoraura hove, zvino ndakange ndave kudzoka kubva kuDowagiac, ndichidzika kuIndiana. Zvino ndakaona mazita, okuti “Jesu” pose padzimotokari nezvakadaro, zvino ndokuterera shumiro dzavo zuva iroro. Nezuva raitevera vakandikumbira kuti ndiuye papuratifomu, kuti nditaure mashoko mashoma, ini ndikaitawo saizvozvo. Zvino ini... Vakandibvunza chechi yandaipinda, ini ndikavaudza kuti ndaive muBaptist.

⁷ Zvino manheru iwayo vaive nemutana wechitema wainge achizoparidza, uyo waive nemakore akanga oda kusvika

makumi mapfumbamwe, ndokubva auya papuratifomu. Mutana uyu, vakatopotsa vaita zvokumutungamirirapo. Waive, akapfeka rimwe ramajasi marefu evashumiri, rine muhuro mevherivheti, aine kadenderedzwa keimvi shomanana nechepanoperera vhudzi. Zvino ndakafunga, “Varume vose ava vari pano nevadzidzi veshoko, vanhu vakuru, kuti vangaregere shumiro ichipihwa kumunhu wakadaro? Zvisinei, mutana uyu anofanirwa hake kunge ari muchigaro pane imwe nzvimbo, agere pasi.”

⁸ Vakange vaparidza zuva iroro pamusoro pezvakaikwa naJesu ari pano panyika. Zvino, asi iye akauya, ndokutora gwaro rake, ndinotenda kubva muna Jobho . . .:7, 20, handichisina chokwadi kuti ndiro Gwaro racho. Zvisinei, izvi ndizvo zvaakataura, kana chikamu chazvo, “Wakange uripiko pandakaisa nheyo dzenyika, apo nyeredzi dzemambakwedza padzaiimba pamwe chete, apo vanakomana vaMwari vaidanidzira nomufaro?” Zvino wakataura pamusoro pezvainge zvichiitika kuDenga, apo ivo vainge vataura pamusoro pezvakainge zvichiitika panyika.

⁹ Zvino pane imwe nguva, mumaminitsi angade kuita mashanu atanga kutaura, iye, Mweya waMwari wakamurova, ndokubva asvetukira mudenga ndokurovanisa tsoka dzake pamwe chete. Ini zvangu, paive nenzvimbo yakange yakanyatsokura, yakange ichitoda kusvika pachidimbu chapakati—napakati chepuratifomu ino ; akabva afamba achienda, ndokuti, “Hamuna nzvimbo yakakwana kumusoro kuno yokuti ndiparidze ndiri.”

¹⁰ Zvino, ipapo ndakange ndiine makore okuberekwa angaite makumi maviri. Ndakafunga, “Kana—kana zvichiita zvakadaro kumutana uyo, ko zvinozoitawo sei kwandiri?” Saka munoona?

¹¹ Kuedza kuchengetedza zvose zviri muhurongwa tichiitira hama dzedu itsva, nokuti tinovagamuchira zvirokwazvo pamusanganano wokuyanana kwedu. Ndiri kuona, ndinotenda kuti vazivisa pamusoro pemuprisita agere pano, ndinofunga; nokuti, ndiri muIrish, vanhu vekwangu maKatorike. Nokudaro kwakange kune vamwewo vane chitsama, maBaptist nevamwe vakasiyanasiyana. Munogona kunge mavhiringika zvisvishoma, chinguvana chapfuura. Ndacherechedza kuti hapana kana hama imwe yambotaura pamusoro pazvo, asi ndazofunga kuti ndiedze kuzvigadzirisa. Apo Hama Shakarian. . .Mushure mokuve mutauri wakanaka ari pano ange azadzwa nomufaro, wokuziva kuti Kuuya kwaShe kwave pedyosa, a—ataura nendimi, kwatiri. Zvino tine vadudziri vanopa dudziro. Izvo, Magwaro anoti, “Kana pasina mududziri, zvino ngavanyarare.” Asi kana—kana vakataura nendimi vobva vadzidudzira, dzinobva dzava chiporofita. Zvino kakupesana kadiki ke—kevaviri vavo panguva imwe chete. Zvino, zvanga zvisingavhiringidzi napaduku pose, mawona; nokuti, mumwe wavo anga achipa

dudziro, mumwe wacho anga achiporofita. Maona? Zvino ndizvo...

¹² Ndafunga kuti ndiite kuti hama dzedu dzinzwisise, kana vasina kunzwisisa, nokuti mumwe wavo anga achipa nemazvo...Macherechedza here nguva yanga ichitorwa nomumwe nomumwe wavo? Zvino mumwe wacho anga akanyatsozadzwa, iye pachake, zvokuti Mweya waMwari wanga uchiporofita nemune mumwe; uchidudzira, mumwe anga achipa dudziro. Kuitira kuti zvinyatsojeka, kuti uno... isu hati...Dzimwe nguva, papfungwa yepanyama...Sehama yedu inokosha yakumbira ruregerero mangwanani ano. Zvinoti vhiringidzei zvisroma kumunhu asingazvzwisise. Asi kune avo vari mazviri, mhare dzemuhondo iyo yatiri mairi, saka, tinozvzwisisa, kuti zvinhu izvi zvii. Nokudaro ndangofunga kuti nditaure chimwe chinhu pamusoro pazvo, kana zvanga zvakarangana.

¹³ Zvino, ndi—ndinoziva kuti haisi nzvimbo yokutaura izvi. Asi nokuda kwekuti munhu wese anga aine twake twaanga achitaura, nda...Munoziva, murume uya akati, mutana uya wechitema akati, “hamuna nzvimbo yakakwana yokuti ini ndiparidze.” Hamuna *nguva* yakakwana yokuti ini ndiparidze. [Ungano inouchira—Mupepeti.] Ndinoita ndichipotera.

¹⁴ Mumwe murume akati rimwe zuva, akati, “Mumwe mushumiri akauya, akange ave mufundisi pachechi iyi kwemakore makumi maviri. Zvino nguva dzose aingoparidza kwemaminitsi makumi matatu chete mangwanani eSvondo yoga yoga muchechi make.” Zvino akati, “Svondo ino mangwanani, akaparidza kwemaawa matatu.”

¹⁵ Zvino boka remadhikoni rakamudana, vakati, “Mufundisi, tinokufarirai zvikuru.” Vakati, “Tinoziva nguva dzose kuti—kuti munomira neBhaibheri nekodzero Dzaro.” Ndokutizve, “Uye nguva dzose munotigadzirisa kuti tinzwe kuva vatsvene uye takachena pamberi paMwari. Zvino tinonyatsokufarirai, uye tinotenda kuti muri muranda waMwari. Uyewo tanyatsofarira mharidzo yamangwanani ano. Asi,” ndokuti, “pane chinhu chimwe chete chatiri kuda kukubvunzai.” Vakati, “Seboka remadhikoni, tanga tichicherechedza nguva yamunotora.” Ndokuti, “Mangwanani eSvondo yoga yoga munonyatsotora maminitsi makumi matatu chete, asi nhasi matora maawa matatu,” Ndokuti, “Zvino, rangerirai, tanyatsofarira zvose. Zvanga zvakanaka.” Vachiita kuti mutana anzwe zvakanaka, munoziva.

¹⁶ Iye ndokuti, “Zvakanaka, hama, ndichakutaurirai zvaitika.” Akati, “Mangwanani oga oga apo pandinoenda ku... pandinodanwa kupurupiti,” ndokuti, “Ndinoisa kamwe ketuma Life Saver mukanwa mangu,” akati, “zvino ndokasveta.” Akati, “Kana kaLife Saver kapera,” ndokuti, “kanongotora maminitsi

makumi matatu chete,” ndokuti, “zvino ndipo pandinobva ndamira kuparidza.” Akati, “Munoziva, mangwanani ano, pandazofunga kuti ndati pfuurirei nguva, ndabva ndakasvipa, ranga riri bhatani mukanwa mangu.” [Ungano inoseka—Mupepeti.]

¹⁷ Hapana chandiri kuzoisa, nokudaro hatisi kutarisira kuzowana mabhatani ari muhomwe dzedu. Asi tiri...Ndine tariro yokuti hazvisi kuita sekunge kumhura. Asi ndango... Munoziva, kana Mwari chaiye anotaura zvinosetsa, munoziva.

¹⁸ Zvino tinotenda zvikuru kuva pano tichiva nenguva dzakadai dzokuyanana, uye—uye nerombo guru iri rekumedura Chingwa choHupenyu zvakare, nenzira yangu duku yakanyorova. Ndinoziva, sevadzidzi veshoko, semurume uya wakataura pano zuro manheru wakabva kuEngland; ini zvangu, handifarire kuzosumuka mushure memunhu akadaro, ini nedzidzo yangu yegiredhi sevheni. Asi ndine tariro yokuti Mwari vachadudzira kwamuri zvandiri kureva mumwoyo mangu. Maona? Kana mashoko angu asina kururama; zvinangwa zvangu, ndi—ndinotenda kuti, zvakana.

¹⁹ Zvino ngativerengei Gwaro. Vazhinji venyu vanofarira kutevera mumashure. Zvino ndinoda kuverenga mangwanani ano, kwenguva shoma, kubva muBhuku raJeremia, muporofita, chitsauko chechipiri, zvino ndichatanga nendima yokutanga.

Zvino shoko raJEHOVHA rakauya kwandiri, richiti,

Enda unodana munzeve dzeveJerusarema, uchiti, Zvanzi naJEHOVHA; Ndakurangarira, patsiye nyoro dzeumhandara hwako, uye nerudo rwekutsidzira kwako, apo wakanditevera murenje, nemunyika yakanga isina kudyarwa.

Israeri yakanga iri hutsvene kuna JEHOVHA, nezvibereko zvekutanga zvaakazviwanira: avo vose vanomudya vacha...nekugumbura; zvakaipa zvichawira pamusoro pavo, ndizvo zvinoreva JEHOVHA.

Inzwai shoko raJEHOVHA, O imba yaJakobo, nemhuri dzose dzeimba yeIsraeri:

Zvanzi naJEHOVHA, Kusaruramaiko kwakawanikwa mandiri nemadzibaba enyu, zvokuti vabva vaenda kure neni, vakafambira zvisina maturo, ivo vavewo vasina maturo?

Uyewo havana kumboreva vachiti, Aripiko JEHOVHA wakatibudisa kubva munyika yeEgipita, akatitungamirira nemurenje, nemunyika yegwenga nemakomba, nemunyika yakawoma, nemimvuri yerufu, nemunyika musina munhu wakambopfuura nemo, ne... musingagari munhu?

Uye ndakakusvitsai kunyika ine upfumi hwakawanda, kuti mudye michero yemo nezvakanaka zvemo; asi imi pamakapinda, makasvibisa, nyika yangu, mukaita nhaka yangu chinyangadzo.

Zvino vaprisita havana kumbotiwo, JEHOVHA aripiko? Zvino ruoko rwemurairo harwaindiziva: uye nevafudziwo vakandidarikira, nevaporofta vaiporoftiswa naBhaari, vakafamba vachitevera zvinhu zvisingabetseri.

Saka ini ndicha... ndichakudembeterai imi, ndizvo zvinoreva JEHOVHA, uye ndichadembeterera vana vevana venyu.

Zvino...nemunyika ino yeChitimi, muone, uye nemuKedhare, mufungisise zvakanyanya izvozvo, mugowongorora kana kwakambova nechinhu chakadai.

Ko rudzi rwakashandura vamwari varwo here, avo vari...vasiri vamwari? asi vanhu vangu vatsivanisa kubwinya kwavo neicho chisina betsero.

Shamiswa, O iwe matenga, neizvi, utyiswe zvikuru...uparadzwe zvikuru, ndizvo zvinoreva JEHOVHA.

Nokuti vanhu vangu vakaita zvinhu zviviri zvakaipa; vakandisiya ini chitubu chemvura mhenyu, vakazvicherera zvirongo, zvirongo zvakatsemuka, zvisingagoni kuchengeta mvura.

²⁰ Ishe vawedzere maropafadzo Avo pakuverengwa kweMashoko Avo. Zvino ndiri kuda ku—kutora musoro wemharidzo kubvapo, unoti, *Zvirongo Zvakatsemuka.*

²¹ Apo, tanga tiri kuverenga Gwaro iri mangwanani ano; sezvo, Magwaro ose akapiwa nokufemera. Zvino tinouya Mumba yaShe kuti tigadziriswe nokuwana kunzwisisa. Zvino dzimwe nguva dzatinoona... chose chinhu chiduku munzira.

²² Semurume wechiuto uyu, kanguva kachangopfuura, anga achitaura nesu achitaura pamusoro pezvimwe zvinhu, kuti zvimwe kuda mune imwe nyika vave nechimwe chombo bhomba rinofamba nemuchadenga, kana—kana chimwe chingada kuita saichocho, zvino tinotofanirwa kuwana chimwewo chinorwisana nacho mu—muhurongwa hwemuhondo.

²³ Saka, zvimwe chetezvowo ndizvo zvinoitikawo muchechi, kunharaunda yekuparidza kuri kuparidza mumwe munhu, kana angadai ari muvhangeri ari munyika. Akawona kumukira, nechimwe chinenge chave kutanga, chave kuendeka, mukutanga kwacho kana chingave chii; iye murume uyu, kana ari muranda waMwari, anodzivisa chinhu ichi kure kwepfungwa dzevanhu kuitira kuti vagare kure nacho. Hatidi kuti zvakadaro zviitike, kuti isu tizopinda muzvinhanho zvakadaro.

²⁴ Zvino, munguva iyi yaJeremia, yechiporofita chake, kwakange kwave kuda kusvika makore makumi matanhatu mushure mokufa kwa—kwaIsaya—Isaya. Zvino vakange vave nemakore angada kusvika makumi matanhatu vasina muporofita mukuru. Kwakave naHabhakuki nevamwe vevaporofita vaduku, asi Isaya ndiye waive muporofita mukuru wokupedzisira. Zvino vanhu vakange, munguva iyi, vakange vasina mumwe waivadzora. Vakange vatsauka. Kunyangezvo, vakange vari vanhu vaMwari, vakange vatsaukira muchinhanho ichi cha—chatiri kuvawana vave machiri zvino, apo Jeremia akauya kuzoporofita kwavari. Zvino Jeremiawo akange... Akaporofita vasati vatapwa, naiyewo akazoenda pamwe navo muhutapwa.

²⁵ Mumashure, saizvozvo, Daniere akazouya mushure maJeremia. Zvino Daniere akati akawana kunzwisisa, kuburikidza nemaGwaro, pamusoro pemakore makumi manomwe ayo avazenge vachizogarako.

²⁶ Zvakadaro, paiva nomumwe muporofita pakati pavo, aida kugadzira iri joko, apo akariisa muhuro make, kuti chive chinhu chiduku, kuti, “Mukati memakore maviri, zvino, Mwari akange achizovadzora vosezve,” asi Jeremia waiziva zvakasiyana naizvozvo. Zvino tinoziva zvakazoitika kumuporofita akaporofita zvakatsauka, akafa mugore rimwe chete iroro. Saka Mwari havana kutendera kuti ararame.

²⁷ Zvino tinocherechedzawo zvinhanho zvevanhu muzuva iroro. Zvino handisi kushuvira kuti mutadze kundinzwisisa (ha—handisi kuvavarira) pane zvandiri kuedza kutaura pano, mamwe Magwaro nezvinyorwa zvizhoma.

²⁸ Zvaiitika kuti ndakange ndisinga—ndisinganyore pasi Magwaro angu pamwe nezvimwe. Asi mushure mokunge ndapfuura makore makumi maviri nemashanu rweperi, zvino, ha—handicharangarira sezvandaisiita, zvino ndinonyora Gwaro pasi ndobva ndaziva, kubva ipapo, kuti ndiri kuendepi. Nenguva yakawanda zvakadai yokunamatira vanorwara, nezvimwewo, ndobva ndabuda nokuenda, handina nguva yekunyatsonzvera sezvandinofanira kunge ndichiita.

²⁹ Zvino, asi muporofita mukuru uyu wezuva iri, akange ari Jeremia, akange akafanana navana Amosi nevamwe vevaporofita vakauya. Akadenhekana paakaona zvinhanho zvakange zvave nyika. Zvino kwaive nenzvimbo... .

³⁰ Dzimwe nguva kana uchitaura pamusoro peimwe nyika, zvinogona kufungirwa kunge zviru kutaurwa pamusoro pe—perimwe boka. Hazvina kudaro. Mataridzikiro anenge akaita nyika yacho yose. Zvino tinowana, nhasi, ma—mamiriro akafanana naiwaya nhasi sezvazvaiva mumazuva aJeremia, kuti iyo nyika pachezvayo, yose, yapinda, zvinoita kunge, kunamata zvirifanidzo; zvakadaro, ndingangoti, yabva pana

Mwari. Ichiita izvozvo, nokuda kwehuterera hwepurupiti. Nokuti, dai purupiti yakanyatsomira zvakarurama, neShoko raMwari, Mwari aizova ari muchechi dzose sekufamba kwaAri kuita ari pano pakati pedu. Asi vakatungamirirwa kubva pazviri. Zvino ndicho chinhu cha—chandiri kuda kutaura pamusoro pachu mangwanani ano. Zvino tinoona kuti ndicho chokwadi chaicho zviri chizvarwa choga choga.

³¹ Ndinotenda kuti ndiAmosi, sekutaura kwandamboitanenzvake nguva ichangopfuura, kuti akati akanga “asiri muporofita, kana mwanakomana wemuporofita.” Asi akati, kuti, “Kana shumba ikaomba, ndiani angarega kutya?”

³² Kana paine akambonzwa shumba chaiyo ichiomba mumasango, idzi dzamunonzwa mumakeji ari kuno aya dzinongorira sekiti. Asi imwe ikaomba musango, zvinhu zvose zvinoterera. Ndakamborara musango dema, ndichidzivhima. Iyo ndiyo mambo wemhuka, zvino, kana shumba iyi ikaomba, kana mandere anomira kuita ruzha, nezvose zvinodaro. Ma—makava nema—nemapere anenge achirira, nedzimwewo mhuka, nekugwauta kwemakudo netsoko, nemandere, hautombokwanisa kuzvinzwa uchifunga; asi nechekure regai shumba ingodzvova, mandere ose anobva amira kuita ruzha. Maona, zvinhu zvose zvinoitya. Kunyangwe, kuine zvinhu zvakawanda zvinokwanisa kuiuraya, asi inocherechedzwa samambo pakati pemhuka.

³³ Akati, “Kana shumba ikadzvova, ndiani angarega kutya?” Akati, “Zvino Mwari zvaataura ndiyani angarega kuporofita?”

³⁴ Zvino izvi, ndinofunga, chinhanho ichi chafanana nekupikiswa kuriko nhasi. Mwari ataura. Maona? Tinoona chinyorwa pamadziro, nokudaro zviri nyore kwazvo kuporofita nokuona kuti tave panguva yekuguma.

³⁵ Tiri kuona Mwari, kubva muchikamu choga choga chemasangano, nzira yose kubva muchiKatorike, tichipfuura nemumachechi ose anopikisa, maBhudha nevapi zvavo, vanobva kuIndia, nevamwewo vose. Ari kudana vanhu vaKe pamwe chete, achivaunganidza pamwe chete. Zvino ndiri—ndiri kufara zvikuru nokuda kwaizvozvo, kuona zuva iri richiuya. Zvino isu . . . I—izuva guru, rimwe remikana mikuru.

³⁶ Zvokuti, dai ndaifanira, dai ndakafanoziva kusati kwave nenyika, pataive mweya tiri chikamu chaMwari, ndizvo zvati, nokuti taive naYe nheyo dzenyika dzisati dzavepo. Nokuti, pane Hupenyu Husingaperi humwe chete, zvino ndiMwari. Zvino tiri chikamu chaKe. Takanga tisiri muchinhanho chokuti tingadai taiziva ne—nekugona kufunga, tiine mutumbi; asi taive tiri mupfungwa dzaKe izvo zvatakange tiri, nheyo dzenyika dzisati dzaiswa. Nokuti, tiri chikamu chaKe, sezvakaita mwanakomana wangu chidimbu changu, neniwo ndiri chidimbu chababa vangu,

zvichingoenda zvakadaro. Tiri vanakomana nevanasikana vaMwari, nekufanoziva kwaKe.

³⁷ Zvino kumashure uko, dai ndainge ndakakwanisa kuziva sekuziva kwandave kuita iye zvino, ndokwanisa kutarisa mukaha wose wenguva, zvino Iye obva ati kwandiri, “Unoda kurarama munguva ipi?” Ndingadai ndakati nguva ino iye zvino, ipo pakudoka kwe—kwekuguma kwenhoroo yenyika, nekuuya kweHumambo hwaMwari kuti hugadzwe panyika. Ndinofunga kuti ndiyo nguva yakaisvobwinyiswa kudarika mazera ose, iye zvino.

³⁸ Tinoona pano kuti Isiraeri iri kupomerwa nemuporofita, apo Mwari akange amugadza nokumutumira. Vaipomerwa pamusoro pezvivi zviviri zvikuru. Zvino tinoda kutaura pamusoro pezvinhu zviviri izvi zvavakange vaita. Zvino, kubva ipapo, tinoda kubudirira nokuda kwazvo. Iye zvino, vakange vatsauka kubva pana Mwari, Tsime remvura mhenyu, vakange vazvicherera zvirongo. Vakange vatsauka vachibva pane chinhu chavakange vapiwa naMwari, vakazvicherera chimwe chinhu chavakange vaita ivo voga. Zvino zvirongo izvi, munocherechedza, zvaive, zvakange zvatsemuka uye zvave kuvhinza.

³⁹ Zvino, chirongo chakatsemuka hachikwanise kuchengeta mvura. Inobuda nokuvhinza. Ini ndakakurira papurazi, zvino ndinoziva zvakaita chirongo chava chitsaru, uye nematambudziko achinotipa.

⁴⁰ Chirongo chinovhinza ichi mu—mufananidzo wakaisvonaka, ndinofunga, wezuva rino, kuti apo (zvedu) zvose zvatamboedza kuita, kuti vanhu vauye pamwe chete, vanhu vauye pamwe chete, kuti machechi auye pamwe chete, zvagara nguva dzose zviri munharaunda dzezvekedza nepfungwa. Takamboedza kuita kuti maMethodisti ose ave maBhapatisti, kana kuzvishandura, uye nemasangano ose akasiyana siyana. Zvino rakange risiri zano raMwari, kubva pakutanga.

⁴¹ Mwari vane nzvimbo imwe chete yokusanganira. Akazvitauro umu muBhuku raEksodho, kuti, “Ndakasarudza nzvimbo yokuisa Zita raNgu, zvino ndiyo nzvimbo yoga pandichasangana nevanhu.” Akange asarudza nzvimbo yokuisa Zita raKe. Paakaisa Zita raKe, ndipo paAisangana neIsiraeri. Ane nzvimbo iyo yaAnosangana nechechi yaKe nhasi uno, ndokusarudza Zita iri, zvino Zita iri ndiJesu Kristu. Zvino ipapo ndipo paAnosangana nemutendi wechokwadi, kana ari muna Jesu Kristu. Ndipo apo Mwari akasarudza kuisa Zita raKe.

Unoti, “Zita raMwari?”

⁴² Akati, “Ndakauya muZita raBaba vaNgu.” Zvino ndipo Mwari paakaisa Zita raKe, raive muna Kristu. Zvino muna

Kristu ndimo matinogona kusangana tose pasi peRopa rakadeurwa, zvino towanapo kuyanana chaiko, kwechokwadi.

⁴³ Mwari akaita hurongwa hwaKe pakutanga, mubindu reEdheni, paive nenzvimbo yaAisangana nemunhu, uye zvakange zvisiri pakunzwisisa nenjere; dai zvainge zvakadaro, Evha akange ari chaimo mumutsara wehurongwa hwaKe. Asi tinoziva kugamuchira kwake zano repfungwa dzaSatani, “Zvirokwazvo, Mwari haasi kuzodaro,” asi Mwari akati Achadaro! Zvino Akazosarudza nzvimbo yerudzikinuro, zvakange zvichiitwa neropa, kwete nokunzwisisa nenjere.

⁴⁴ Zvino tiri kungorova mhelo, asi ndihwo hunhu wemunhu kuti—kuti vanhu vanoedza ku—kuita sokudaro. Dai tanga tiine nguva, taigona kuzvitsemura kuita zvidimbu zvakanwanda, asi handisi kuda bhathanisi riya. Nokudaro tichaedza kuvziita kuti zvinge zvakananyanya kureruka, “zviringo zvinovhinza.” Zvino tinoona zvirokwazvo kuti zva—zvadzorodza zvakare, ndiwo chaiwo mufananidzo wezera redu iro ratiri kurarama mariri, mukuedza kwedu kwese.

⁴⁵ Pasina kushora pakushingaira kwese uko muranda upi zvake waMwari, uyo anongodoma hake Zita raJesu Kristu. Anofanira kuremekedzwa nokuda kwekungodoma Zita raKe mururemekedzo nerukudzo. Nezvehurongwa hukuru hwezve evhangeri hwafamba pasi pose, nezvimwe zvose, mumazuva ano okupedzisira, ndinofunga kuti, zvakadaro hatisi kuzokwanisa kuita kuti vanhu vave nomwoyo mumwe kunze kwekunge tavaisa pasi peRopa raJesu Kristu. Ndiyo yoga nzvimbo yechengetedzo.

⁴⁶ Pane mumwe akandifonera nguva shoma ichangopfuura, kubva kumusoro kuMabvazuva, akati, “Hama Branham, ndakanzwa kuti makatamira ku—kuArizona, mukabva magadzira nzvi—nzvimbo ikoko kunova ndiko kune kuchengetedzwa.” Zvino sekuziva kwenyu mauyiro akaita

Mharidzo, Ishe vakandiudza zvakange zvichazoitika kuAlaska, uye zvichizodzika nekuCalifornia kuti zvaizoita sei, zvikaiva saizvozvo. Vakati, “Zvino kana kwave kuzungunuka, nezvose, iripiko nzvimbo yechengetedzo?”

⁴⁷ Ndikati, “Pane nzvimbo imwe chete yechengetedzo yandinoziva. Ndimu muna Kristu. Nokuti avo vari muna Kristu, vacha. . .” Ndiyo yoga yandinoziva.

⁴⁸ Zvino Jeremia aidanwa achinzi, zvekare, “muporofita anochema.” Nokuti, ndinotenda kuti, zvakaite kuti muporofita uyu acheme—acheme, tingadaro, zvakaite kuti iye zvaakange ari muporofita (zvino Shoko raMwari rinouya kune vakadaro) achiona vanhu vachitevera tsika dzavo, ivo vachifunga kuti zvavari zvakanaka, zvino pasina kana imwe nzira yekuvadzora.

⁴⁹ Zvino, vakange vave kutonopinda muhutapwa, nokuti tinoziva kuti unokohwa chaunenge wadyara, zvisinei kuti uri ani, uri chii. Zvino isu serudzi takakohwa...kana kuti takadyara, tingadaro, zvino tinofanira kuzokohwa. Ndichataura mangwana, Ishe vachitendera, pamasikati, pamusoro pe*Marwadzo Ekubara*; zvino ndi—zvino ndichazozvibata izvi imomo, kuti hatikwanise kupukunyuka kana takatadza. Tinofanira kukohwa zvatininge tadyara.

⁵⁰ Zvino kana Mwari vakatirega nhasi uno tichipukunyuka nechikristu chedu chakatsveyama, nekutsveyamisa vanhu muzvinhu izvi zviri kudanwa kunzi chikristu, sekutaure kwakamboita Hama Moore kuti, “Vanozosungirwa pane zvakafanira kumutsa Sodhoma neGomora, vokumbira ruregero nokuda kwekuapisa.” Ndizvo chaizvo, nokuti Mwari achiri kutonga nenduramo. Zvino kana pasvika pakusaruramisira; ndizvo—ndizvo zviri hutsvene hwaKe neShoko raKe kuti anoita kuti vanhu vakohwe pane zvanenge vadyara, zvino izvozvo isu tichatozviita.

⁵¹ Zvino cherechedzai vakange vaMusiyi, Tsime remvura mhenyu, vakazenge vazvigadzirira zvirongo.

⁵² Zvino kuda panogona kunge paine mumwe munhu pano asingazive kuti chirongo chii. Chirongo itangi rakagadzirwa nevanhu rinoedza kutora nzvimbo yetsime. Chinhu chakatocherwawo nemumwe munhu. Vangani vanoziva kuti chirongo chii? Zvakanaka. Zvakanaka, pane vanhu vakawanda pano mangwanani ano vokumaruwa. Zvino vano... Ndinorangarira chirongo chakare pataigara, kuti chaitaridzika zvakadini, zvino ndaigara ndichitya kunwa kubva machiri. Rakange ri—riri tangi rakagadzirwa nevanhu. Zvino hazvibviri kuti uvimbe naro. Haukwanise kuvimba nechirongo.

⁵³ Zvino chose chinaitwa nemunhu nguva zhinji hachina kunyatsonaka. Sezvakaita I—Ishe vakaisa nguva muma—muma—mumafambiro ayo, nyika ichitenderera, gore negore, nguva dzose painopfura, zuva roga roga, awa yoga yoga, nezuva richinyura, haikundike. Asi mawachi akanakisisa atinogona kuwana, anorasa nemaminiti akawanda pamwedzi, hatizvipokane. Asi, munoona, chinhu chose chinaitwa naMwari chakakwana, asi chinaitwa nemunhu hachina kukwana. Zvino munogamuchirirei zvinoitwa nemunhu, muchikwanisa kuva nechakakwana?

⁵⁴ Ndagara ndichitaura izvi pamusoro pedu isu vanhu vechiPentecosta. Maona, tinoziva, kuti zvirokwazvo hatisi—hatisi kunze kwehurongwa, hwaMwari, hatitendi; asi tinoziva kuti pakati pedu tine vanhu vanoedza kutevedzera mumwe munhu. Ndizvo zvingori munhu. Vanoedza kuita zvakadaro. Vakazviita muBhaibheri, “Mumwe, ‘Ndiri waPauro,’ ‘Ndiri

waSirasi,” nezvakadaro. Asi, vakaedza kutevedzera zvakaitwa kana zviri kuitwa nemumwe munhu.

⁵⁵ Asi mungadirei kugamuchira kutevedzera kwenhema, iwo matenga akazara nechinhu chechokwadi, iyo “vimbiso iri yenyu nevana venyu”? Tingadireiko kugamuchira chimwe chinhu chakasiyana? Tingatoreiko chitendwa kana dzidziso, apo Bhaibheri riri iro Shoko raMwari risina kusvibiswa? Tingadireiko kuedza kupamhidzira kana kukamura, apo Ishe Jesu vakati muna Zvakazarurwa 22:18, “Ani nani achabvisa Shoko rimwe chete kubva Imomo, kana kuwedzera Shoko rimwe chete kwaRiri, chikamu chake chichabviswa kubva muBhuku yeUpenyu”?

⁵⁶ Mwari paakatanga kuisa rudzi rwevanhu panyika, Akavaudza kuti vairarama neShoko raKe. Zvino Shoko raMwari rakaita sengetani, uri kupfuura naYo nepamusoro pegehena; zvino ngetani yakasimbisira apo painenge yakabatana zvine hutera, nokudaro Mwari anoda kuti isu tichengete rimwe nerimwe reShoko raRo. Zvino uku ndiko kwaive kumavambo kweBhaibheri; kungotyora Shoko rimwe chete, zvakakandira rudzi rwevanhu murima rerufu.

⁵⁷ Jesu wakauya pakati peBhaibheri, ndokubva Iye ati, “Munhu haangarame nechingwa bedzi, asi neShoko rose.” Kwete chikamu chete chemaShoko, kana zvikamu makumi mapfumbamwe ane zvipfumbamwe kubva muzana; asi Shoko rose, sezvake zvakaita Evha naAdhama.

⁵⁸ Zvino kumagumo kweBhaibheri, Zvakazarurwa 22:18, Akati, “Ani nani achabvisa Shoko rimwe kubva Umu, kana kupamhidzira Shoko rimwe chete kwaRiri!”

⁵⁹ Zvino tinodirei kupfekedzera Umu pfungwa dzemumwe munhu pamusoro pezvinhu, kana izvi zviri zvizo Pfungwa dzaMwari paChake pamusoro pazvo? Tinoda kutora zvaAkataura. Zvakanyorwazve zvichinzi, “Regai shoko rose romunhu rive nhema, asi raNgu rive Chokwadi.”

⁶⁰ Ndiro dambudziko raiva nemuporofita uyu. Mumazuva aJeremia, aive muporofita, aive neShoko raMwari. Zvino muchinda uyu aiedza kupfekedzera chimwe chinhu maRiri, zvino haukwanise kuvimba nacho. Zvino ndiri kufananidzira matangi aya nehurongwa uhwu hwataedza kutora, kutora nzvimbo yeShoko raMwari repakutanga.

⁶¹ Nokuti, hapana chinogona kutora nzvimbo yaRo. NdiMwari. “Pakutanga kwaiva neShoko, Shoko rakange riri kuna Mwari, Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Muna VaHebheru 13:8, makanzi, “Iye ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Ko tingabvisa sei kubva pane Izvi? Chinofanira kuva Chokwadi. Anoramba ari zvimwe chetezvo. Mumwe chete pamaitiro ose.

⁶² Ndicho chikonzero muchiZvifarira, imi maBhapatisti, nemaMethodisti, nemaKatorike, nemaPresbhetariyani, nevamwe vose, munofarira Hupo uhwo. Pane pamwe, mukati menyu, makagamuchira Mwari. Zvimwe kuda nedzimwe dzenguva nenzira yepfungwa, kana kuti makanzwa Simba raMwari, zvino uri muranda waMwari; asi ukanyatsopinda muna Mwari, wocherechedza nzvimbo yako maAri, semwanakomana kana mwanasikana waMwari, ndizvo zvinounza mufaro mukuru uyu kwauri, uyo Mwari agara achida kuti uve nawo.

⁶³ Zvino tinocherechedza muna Mutsvene Mariko, chitsauko 16, Jesu haana kuti, “Endai munyika yose, mugo—mugo—mugodzidzisa.” Akati, “Endai munoparidza Evhangeri.” Kuparidza Evhangeri, zvinoreva kuti, kuratidza simba reMweya Mutsvene! “Endai munyika yose, munoratidza simba reMweya Mutsvene!”

⁶⁴ Ndichitaura nehama, mumwe weavo vakatsigira nemari pa... musangano wangu kuIndia, kuBombay uko, nezasi muSouth Africa nenzvimbo dzakasiyanasiyana, uko mamishinari akange angoridzidzisa seshoko kana sekunzwisisa kwenjere. Asi rimwe ramazuva mumusangano, apo Mweya Mutsvene wakadzika, Omene, akaponesa vagari venzvimbo iyoyo zvuru makumi matatu pakadanwa vanhu kamwe paaritari, ipapo panhandare imweyo pavakange vakamira. Madzimai akange akamirapo, vakange vakashama sokunge zvavakange vakaita apo pavakauya panyika, zvino panguva imwe chete iyoyo pavakasimudza maoko avo kuti vagamuchire Kristu. . .

⁶⁵ Mweya Mutsvene wakawira panzvimbo iyi ukapodza vanhu zvuru makumi maviri nezvishanu panguva imwe chete, kubva pazvigaro zvamavhiri zvinogara vanhu vakaremara, nhovo nemasitirecha. Meya weguta akandiita kuti, mangwana acho, ndione mazirori akange akazara achidzika nemugwagwa.

⁶⁶ Madzimai akamirapo, vasina kusimira, vasingazvizivi kuti vakashama. Asi Mweya Mutsvene pawakangovarova, vakapeta mawoko avo vachifamba kubva muhupo hwevarume vekwavo.

⁶⁷ Zvino ini ndiri kushamisika kuti sei isu vemuAmerica tichizviti tiri nyika yemaKristu, tiri muhupo hwaMwari; zvino gore roga roga isu, madzimai edu, vanowedzera kukatanura nhumbi. Munofanira kunge muri kutowedzera zvokupfeka. Zvino huwandu hwaKristu hwaunopfeka, ndihwo huwanduwo hwemaziviro aunoita zvinhanho zvako. Dzimwe nguva ndinoona maitiro anoita vanhu mumugwagwa, ndinoshamisika kana pfungwa dzichiri kuita zvakanaka. Zvinoita sokunge havacherechedzi kuti pavanoita izvozvo, zvacho zvavari kuita, vari kuzviita muteyo wadhiyabhorosi, vachizoisa mweya kugehena. Ndizvozvo. Asi nyika yawora sezvayakange yakaita mumazuva aJeremia.

⁶⁸ Zvino tochidzokera kuchirongo, zvino, chirongo ichi hachigoni kuvimbwa nacho nokuti hachikwanise kuzvizadza choga. Chinotovimba nemvura dzinenge dzanaya munharaunda kuti dzichizadze, mvura dzemunharaunda, kana rumutsiriro munharaunda, kuva nekarumutsiriro *pano* nekarumutsiriro *necheuko*, kana nezvimwewo zvakadaro, kuitira kuti chizare. Nokudaro haugone kuvimba nacho. Hachikwanisi kuzvizadza. Hachizvikwanise, icho choga. Hachikwanise kuzviita. Chinotofanira kuvimba nemvura dzinonaya, kuti chizare.

⁶⁹ Zvino ngaticherechedzei kwachi—kwachinowana mvura yacho inonaya, kwachinowana mvura yacho, icho chirongo. Inoyerera ichibva nepamusoro pematara, mashedhi, pane tsvina yose inenge yapupurutsirwapo neguruva, inozogezwa nemvura inonaya, yodzika ichinopinda muchirongo, tangi rakagadzirwa nevanhu. Rinobva raita kunge gomba retsvina. Inogeza pamusoro pematanga mune mhuka dzose, nemunhuwi wematanga, nezvimwewo, zvinogadzana imomo. Mhepo inopupurutsa gu—guruva, nemarara padanga, zvino mvura inonaya munharaunda inouya yozvikukura, mvura inonaya, yobva yanyatsozvibvisa.

⁷⁰ Zvino mvura inotakurwa mugata rakagadzirwa nevanhu, ichibuda nepamuromo wakagadzirwa nevanhu, ichienda mutangi rakagadzirwa nevanhu. Zvino kana yasvikamo, inenge yasviba, inenge yakasviba zvokuti unotofanirwa kuisa sefa yejira, nokuti haungazokwanisa kuinwa. Zvino, chionai, iri kuyerera ichibva nepamatenga, nemugata rakagadzirwa nevanhu, ichibuda nepamuromo wakagadzirwa nevanhu, ichipinda mutangi rakagadzirwa nevanhu. Nokudaro vanoisa sefa pamusoro paro yakagadzirwa nevanhu, kuitira kuti tumwe twezvipembenene nezvimwewo zvisapinde.

⁷¹ Zvino, zvino tinocherechedza, mumazuva mashoma aya mvura yaunganamo, musangano iri rakagadzirwa navanhu, kana kuti tangi. Ruregerero. Ruregerero. Zvakanaka. Mushure mokunge—mushure mokunge zvayeredzerwa imomo, zvedzidziso dzeshoko dzakasiyanasiyana nezvimwewo zvichikukurirwa mariri; zvino tinosvika pakuona kuti, ikange yavemo kwemazuva mashoma, inobva yagadzana.

⁷² Zvino munhu wose anoziva, munhorondo yechechi, kana Mwari achinge atumira chimwe chinhu, mharidzo, inouya iri itsva kubva kuna Mwari. Zvino mushure me—mekurarama kwemuvambi uya, kana kuti angave ani; munomodana kuti muvandudzi, kana zvimwewo zvamungade kutaura pamusoro pazvo. Mushure mokufa kwake, vanozozviwanira hurongwa vobva vagadzira sangano. Pavanongozvigadzirira sangano kubva ipapo, rinobva rafira ipapo. Harizombomuki zvakare. Zvaiitika panguva dzose, kumashure, kusvika kumashure shure.

⁷³ Tichipa ruremekedzo kumuprisita uyu weKatorike agere pano; Mwari paakaisa chechi muhurongwa...kana kuti, kusaiisa muhurongwa, Mwari haana kumbobvira akaisa chechi muhurongwa. Haaite basa rakadaro. Ari mukubarwa, kwete musangano, zvino Mwari paakatanga chechi kubva paZuva rePentekosti. Zvino pakupedzisira uko paNikaya, yekuRoma, vakaisa muhurongwa, zvino ipapo ndipo payakarasikirwa neSimba rayo.

⁷⁴ Zvino tinosvika mumazuva okuvandudzwa aana Ruther, chakave chinhu chikuru. Shoko raMwari rakapiwa, “Vakarurama vachararama nokutenda.” Zvino vaita saizvozvo, ponzvimbo yokuti vasimuke, vose, vose pamwe chete vofora vachienda mberi, vakagadzira chechi yeLutheran, vachizvipatsanura kubva kune boka iri, ikabva yafa.

⁷⁵ Zvino Mwari vakasimudza John Wesley, aine kucheneswa, mharidzo yekushanda kwepiri kwenyasha, chikave chinhu chakaisvonaka. Asi mushure maWesley naAsbury, vakagadzira sangano, rikafa.

⁷⁶ Zvadarwo kwakabva kwazouya maPentekosta nekudzoreredzwa kwezvipo. Vakange vachiita zvakanaka, chii chakazoitika? Vakagadzira sangano ndokubva rafa. Ndizvo chaizvo.

⁷⁷ Zvino pakati pezvose izvi, Mwari achiri kudana vakasara vashoma kubva mune chimwe chezvizvarwa izvi. Zvirokwasvo Ari kuzviita. Inguva yedu yekubuda, nokuungana pamwe chete. Ndizvo zvandinofunga, veFull Gospel Business Men vakaita chikamu chikuru mukupwanya midhuri iyi, vachiti, “Hapana mutsauko pakati pedu. Ngatiuyei pamwe chete tinamate Mwari tiri pasi pebumbiro rimwe chete, kwete pasi pesangano.” Dai rainge riri sangano, ndaibva papuratifomu pano iye zvino. Handineyi nechekuita naro.

⁷⁸ Izvo zvazviri, zvinofanira kunge zviri kuyanana, kwete kuyanana pane imwe dzidziso. Asi kuyanana muna Kristu, musimba raKe rekumuka kubva mukufa, ndicho chinhu chinounza Hupenyu. Chinounza kubarwa.

⁷⁹ Zvino kubarwa kusati kwaitika, tinocherechedza kuti panofanira kuva nekufa pasati pave nekubarwa. Zvino kubarwa kunosemesa, hazvina basa kuti kubarwa kwemhando ipi. Zvingadai muri mudanga renguruve, kana—kana kupi zvako, kunosemesa. Ndizvo zvakaitawo Kuberekwa patsva, kunoitika kuti uite zvinhu zvausingazombofungire kuti ungaite. Asi paunenge wagadzirira kufa uchisiya zvaunenge uri, ndipo zvino paunobarwa patsva, chisikwa chitsva muna Kristu Jesu, kubva ipapo zvinhu, zvinozaruka zvino wobva wava nemawonero matsva oupenyu, nokuti wagamuchira huMunhu hwaJesu Kristu, kwete dzimwe pfungwa kana dzidziso.

⁸⁰ Kana, kunyangwe nekuShoko rakanyorwa, Rinofanira kumutswa noMweya Mutsvene. Zvisineyi kuti une fundo yeshoko yakadini, ipapo rinenge rakavata ipapo rakafa. Ndinogona kuva nechanza chakazara negorosi; kusvikira rapinda mumatanho okuti rinogona kumutswa, gorosi iroro harizorarami. Unogona kuva nedhigirii rachiremba, Ph., LL., kana chipi chaungada; asi kunze kwekunge Mweya Mtsvene wauya pamusoro pazvo wozvivandudza kwauri, sechiitiko chako naMwari, zvino gorosi harina charinobatsira. Uri kudzidzira pasina.

⁸¹ Sekureva kwakaita murume weChirungu uyu pane umwe usiku pano, ndakashamiswa nazvo. Dzidzo yose yaakange ave nayo, saPauro, akatokanganawo zvole zvaaziva, kuti awane Kristu, oita zvinhu zvaakange asingafungidzire kuti angaite.

⁸² Asi ndiwo maitiro anoita Mwari, Anotinyadzisa munzira yedu yefundo. Kwete kuti ndiri kuedza kutsigira kusadzidza, asi ndiri kuedza kukuudzai mutsauko. Dzidzo haikwanise kuunza Upenyu. Zvinotora Mweya waMwari kuunza Upenyu, uye Upenyu uhu haufanire kubva parumutsiriro rwemupfungwa. Hunofanira kubva muBhaibheri, rumutsiriro rweShoko, zvino Shoko racho ndiro rimwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Zvino paRinodonha nhasi, rovandudza, unowana zvbereko zvimwe chete zvawakawana muna Mabasa 2. Ndizvo chaizvo. Zvagara zvichidaro, uye zvicharamba zvichidaro, nokuti Mweya waMwari ndiwo unogadzirisa hupo.

⁸³ Zvinotora hupo kuti zvinhu zviitike. Ndicho chikonzero imi varume munogara muchidzidziswa, “Uyai nevana venyu pano.” Saka, zvakanaka zvirokwazvo. Ndafara kuona mwanasikana wangu, Rabheka, achipinda achigara pasi, maminiti mashoma achangopfuura. Vamwe venyu vandiwona ndichitswinyira ziso kumudzimai, anga ari mwanasikana wangu, abva auya akagara pasi. Ndiri kuda kuti agamuchire rubhabhatidzo rweMweya, ndicho chikonzero ari muno mumusangano. Ndicho chinangwa chacho. Zvinotora hupo.

⁸⁴ Semutana Dhokotera Bosworth aigarotaura achiti, “Unogona kutora zai rehuku woriisa pasi pembwanana, rinochechenya nhiyo.” Nokuda kwei? Nokuti izai rawana hupo hwakafanira.

⁸⁵ Handina basa nazvo kuti uri muMethodisti, Baptisti, Presbhetariyani; muhupo hwakafanira, panochechenywa mwana waMwari akaberekwa patsva, neShoko. Zvinoitwa nehupo, zvisinei kuti une chikwangwani chezita resangano ripi.

⁸⁶ Ndaimbofudza mombe. Ndaicherechedza muzvinamombe apo pataidzitira tichienda nadzo musango, kubva—kubva kumafuro uko kumakura ekufurira, tichidziisa musango. Aimira ipapo achidzitarisisa padzainge dzichipinda nepagedhi, pafenzi yemuganhu. Haana kuita hanya yakawanda kuti

ndeye rudzi rwupi, nokuti paiva nemarudzi akasiyana siyana aipinda neipapo. Asi pane chinhu chimwe chete chaacherechedza, chikwangwani cheropa. Yaitofanirwa kunge iri yerudzi rweHereford pakuberekwa nokuti hayaizokwanisa kupinda musango iri, nokuti veHereford Association ndivo vanofudzira musango iri. Inofanira kuva nechikwangwani cheropa, kuchengetedza mbeu yerudzi yakanaka.

⁸⁷ Zvino ndinofunga kuti ndizvo zvazvichange zvakaita neZuva reKutongwa. Haasi kuzondibvunza kana ndaive muMethodhisti, Baptisti, Pentekosta, kana muPresbhatariyani, asi Achange achitsvaga chikwangwani cheRopa. “Ndikaona Ropa Ndichakupfurai.” Ndiyo nyaya yacho.

⁸⁸ Zvino tinowona zvirongo izvi, mushure mokunge zvagara kwekanguva, zvino...zvinozova nemvura ine tsvina saka zvinenge zvisisina kunaka. Zvino zvinozova, uyezve, zvinobva zvava musha wematatya, nemadzvinyu, nenyoka, netupukanana, nehutachiona, nezvimwewo, nokuda kwechinhanho chemvura yakamira pamwe chete yezvinosairirwa imomo. Unofungidzira here, zvichigezwa kubva padenga redanga, kana kubva paimba iri pedyo nedanga, kana kwese uko kungadai kuine tsvina, imhando ipi yetupukanana nehutachiona, nezvimwe zvese, zvinoyeredzerwa muchirongo ichi?

⁸⁹ Zvino, uyu muenzaniso chaiwo wakakwana wehurongwa hupi zvahwo hwakaitwa nevanhu. Agara ari mukundiki, kubvira pakutanga. Ndicho chikonzero achida Muponesi. Akange asingakwanise kuzviponesa, hapana chinhu chaanogona kuita. Akatorasika, kubvira pakutanga. Anoberekwa panyika, azere nezvivi, anouya panyika achireva nhema. Munyepi, kubvira pakutanga, zvadaro pangazombovawo neiko chaangazogonawo kuzviitira? Munhu mutsvene angadini?

⁹⁰ Hakuna munhu mutsvene. Hakuna chechi tsvene. Mweya Mutsvene! Kwete chechi tsvene, vanhu vatsvane; Mweya Mutsvene uri pakati pevanhu, ndizvo zvazviri. Ameni. Harisi gomo dzvene apo pakamira Petro nevamwe; gomo rakange risiri dzvene. Asi ndiMwari mutsvene, aive pagomo, akariita kuti rive dzvene. Kwete munhu mutsvene; Mweya Mutsvene uri kushandiswa uri mumunhu iyeye, zvinomuita mutsvene. Kwete munhu; asi Munhu weMweya Mutsvene! Haasi munhu; nokuti, anongovawo munhu, “akaberekerwa muchivi, akaumbwa mukusarurama, akauya munyika achireva nhema.”

⁹¹ Hurongwa hwese hwakaitwa nevanhu hunomuchengetedza ari imomo; anochipofomadza kubva kune vakachenjera, maziso akachenjera, vanofunga kuti, “Ndiri wechechi, zita rangu riri mubhuku. Ndakaita izvi. Baba vangu vakange vari *zvakati*, nezvimwewo zvakadaro.” Pakunzwika zvakanaka;

ndizvo, zvazviri, hapana chokutaura chinopesana nazvo. Asi zvakadaro, shamwari, Jesu akati, “Kunze kwekunge munhu abarwa patsva, haatombokwanisi kuona,” kuona, iyeye, hazvisi kureva kuti ari kuwona nemaziso ake, asi, “kunzwisisa Humambo hweKudenga.” Kusvikira watozobarirwamo!

⁹² Ko angadai akadini muvhangeri uyu weBaptisti, ko angadai akadini murume uya akamira paya akatsoropodza nekuita jee pamusoro paZvo? Maona, hamuna chinhu chiri maari chaikwanisa kana kuZvigamuchira; asi Mwari akatozoviita, maona. Mwari akamupa Mweya Mutsvene. Akaratidza kuti izvi hausi hunyengeri, iri ndiro Shoko. Iye anongozvinzwa chete semadzidzisirwo aakaitwa kuchikoro, vanobva vaedza kutora ose ma—maropafadzo aMwari vozviisa muzuva rakapfuura.

⁹³ Mumwe muvhangeri wechidiki weBaptisti, pano hakasi kare, agere pano imo muno mangwanani ano; akauya kwandiri, ndokuti, “Hama Branham, pane chinhu chimwe chete chamuri kuita chamuri kukanganisa.”

Ndikati, “Ndibatsire.”

⁹⁴ Iye ndokuti, “Muri, ndinofunga kuti makaperera uye muri munhu akanaka, asi . . .”

Ndikati, “Mazvita, changamire.”

Akati, “Asi pane chinhu chimwe chete chamuri kukanganisa.”

Ndikati, “Ndinovimba kuti Ishe vachawanawo chinhu chimwe chete ichi chakakanganisika.”

⁹⁵ Zvino ndokuti, “Zvakanaka, pane . . . Apa ndipo pamuri kukanganisa.” Akati, “Muri kuedza kuunza kunyika shumiro yechiapostora, zvino,” ndokuti, “shumiro yechiapostora yakapera pavaapostora.”

⁹⁶ Ini ndikati, “SemuBaptisti kumuBaptisti, ndiri kuda kukubvunza mubvunzo.”

Akati, “Chii?”

⁹⁷ Ndikati, “Unotenda here kuti Shoko raMwari rakafemerwa, rose zvaro?”

Akati, “Ko sei, ndizvozvo.”

⁹⁸ Ndikati, “Zvino, Akati, ‘Usawedzere shoko rimwe chete, kana kubvisa Rimwe.’ Nokuti,” ndikatizve, “Ndichakuratidza pakauya Ropafadzo yechiapostora pavanhu, nokuda kwevimbiso yaMwari, zvino iwe chindiridza vimbiso yaMwari nepayakazobva pavanhu. Waona, kana usingakwanise kuzvitora kubva muShoko, zvino—zvino kanganwa nezvazvo, waona,” ndikati, “nokuti Zvichiri kuenderera mberi.”

⁹⁹ Hapana chaakataura kwekanguvana. Zvino ini ndikati, “Zvakanaka, saka, hama, ndiri kuda kukubvunzai izvi. Petro akazivisa mharidzo yechiapostora, neZuva rePentekostia. Uye

tose tinoziva kuti ichokwadi, nokuti akange aine makiyi eHumambo, ayo aakange apiwa naJesu. Zvino cherechedzai zvaakatura. Akati, ‘Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti vimbiso iyi ndeyenyu, nevana venyu, nekune avo vari kure, neavo vose vachadanwa naIshe Mwari wedu.’ Zvino kana paine imwe nzvimbo paAkazovibvisa, chii chakazoitika kumashoko aPetro neZuva rePentekosta?” Maona? Kwete, hazvina kuguma!

Gwayana riri kufa rinokosha, Ropa reNyu
rinokosha

Harizoperi Simba raro
Kusvikira Chechi yaMwari yaakadzikinura
Yaponeswa, kuti isazotadzazve.

Zvino nerwiyo runoremekedzwa, runotapira,
Ndichaimba zveSimba reNyu rokuponesa,
Apo rurimi runotaura nokundandama
Rwarara rwakanyarara muguva.

¹⁰⁰ Mwari ndibatsirei kuZvitenda ndigobatirira paZviri, nesu tose, tigomira naZvo, nokuti IZvokwadi yeEvhangeri! Hongu, changamire.

¹⁰¹ Munhu akachenjera haafanire kutarisa pane zvinhu izvi. Oziva kuti hazvishande. Hazvina kumboshanda. Chinamoto chehurongwa nechiiitiko chine hurongwa hazvishande muHupo hwaMwari. Chinofanira kuuya, chisina kusvibiswa, kubva kuna Mwari. Hachina pachakamboshandiswa naMwari, hapana munguva yakapfuura Mwari paakamboshandisa hurongwa hwakadaro. Zvino iwe, o, munowana nhengo nezvinhu zvakadaro. Asi ndinoreva mbeu yechokwadi yaMwari, Maropafadzo seakadonha neZuva rePentekosti, haauye nesangano; anouya nokubarwa, uchibarwa patsva.

¹⁰² Tinokokerwa kuti titore Israeri se—semuenzaniso, izvo zvavagara vari. Cherechedzai, “VakaMuramba, tsime ravakapiwa, vakazvigadzirira zvirongo.” Ungafungawo here mundangariro chi—chi—chi—chinhu, chokuti munhu anenge ari pachitubu, achinwa, obva oda kuzvigadzirira chirongo, maona, hachiti anwire? Zvino ndizvo zvakataurwa nomuporofita, ndizvo zvakataurwa neShoko raMwari. Ndizvo zvakataurwa naMwari kumuporofita. “MaNdiramba muka—mukaNdisiya Ini, tsime remvura mhenyu; mukazvigadzirira zvirongo, zvakaputsika, zviri kuvhinza.”

¹⁰³ Onai chimwe chinhu. Vaida chimwe chinhu chavaigona kutungamirira, kana kuratidza zvavainge vaita. Ndiho—ndiho upenzi hwechinamoto chehurongwa. Chinoedza nguva dzose, vanoda kuva nechimwe chinhu ivo chavanoitawo imomo. Vanofanirwa kuva nehurongwa hwese uhu, nemasosaiti, nezvimwewo, “Ndave we *izvi* iye zvino.” Panzvimbo yokungova

vana vaMwari vakazvininipisa, vanodawo chimwe chinhu ivo chavanogona kuratidza. Panzvimbo yekuti varegedze Mwari aite nenzira yaKe, vaida kuzviita nenzira yavo. Ndiyo nzira iyo hurongwa hwakabata machechi muzuva rino. Kwete... Hurongwa hwega hwega, mumwe anoda kuti zviitike nenzira iyi, mumwe achida kuti zviitike nenzira iyo. Kana uri muMethodisti, unofanira kuzviita nenzira iyi. MuBhabhatisti, nenzira iyi. MuPresbhatariani, muKatorike, nevamweo, vane hurongwa hwavo. Hatipikisane nazvo, asi hazvisi izvo zvandiri kutaura pamusoro pazvo.

¹⁰⁴ Munhu anoda kuzviita nenzira yake, Mwari ane nzira yaKe yekuzviita. Akati, “Makabatarira panzira yenyu, chirongo chakatsemuka; moramba kugamuchira nzira yaNgu, nzira yeHupenyu.”

¹⁰⁵ Ndizvo zvimwe chete sezvazviri nhasi. Hazvina kushanduka kana napaduku pose. Fungai hupenzi hwemunhu anosiya chitubu chiri kutubuka nemvura isina chainacho yakachena, oda kuenda kutangi rakatsemuka raakagadzira iye oga, ozvigadzirira tangi, rine marara epamusoro pedanga akukurirwamo, zvino onwa kubva imomo. Zvirokwazvo pane chakatsveyama nepfungwa dzemunhu akadaro.

¹⁰⁶ Zvino kana munhu akanamatira ku—kudzidziso yevanhu yeGwaro, panzvimbo yekugamuchira Mweya Mutsvene unosimbisa Gwaro oRiita kuti rive ramazvirokwazvo kwauri, pane chinhu chakatsveyama pamweya wemunhu akadaro. Ndizvo chaizvo. Chokwadi, Mweya Mutsvene! Mumwe nemumwe ane dudziro yake yeBhaibheri, zvaanofunga kuti ndizvo zvakanaka. Mwari haadi rubatsiro rwako. Mwari haadi dudziro yako.

¹⁰⁷ Mwari anozvidudzirira Oga. Mwari ndiye anodudzira nenzira yaAno—nenzira yaAnoti aizoita nayo. Ishe akati pakutanga, “ngakuve nechiedza,” kukava nechiedza. Hazvidi kududzirwa. Ndizvo zvakaitwa naMwari. Akati “mhandara ichabata mimba,” yakazviita. Hazvitombodi kana dudziro. Akati Aizo “durura Mweya waKe pamusoro penyama yose,” Akazviita. Hazvitombodi kana dudziro. Mwari anodudzira Shoko raKe Oga achiRisimbisa, nekuRiisa pachena, nekuRiratidza.

¹⁰⁸ Ndiwo maratidzirwo aita muporofita kuti ndewaMwari. Akati, “Kana paine mumwe pakati penyu, ari wemweya kana muporofita, Ini Ishe Ndichazvizivisa kwaari muzviratidzo, ndigotaura naye nemuzviroto. Zvaanotaura zvikaitika, mutyei; asi zvikasaitika, regai henyu.”

¹⁰⁹ Ndicho chinhu chimwe chete kana Mwari akataura Shoko raKe, munhu oti, “Shoko ndeIri,” zvobva zvaitika nenzira iyoyo, zvino ndiMwari ari kuzviita.

110 Asi kana akati, “Zvakadai, uye mazuva acho akapfuura,” sei zvinotora zvose. . . Anotambanudzira chingwa kune ane nzara, chiri muruoko rwake, kuvana, ochitorazve kubva kwavari; ivo vachiziya nenzara. Iwe ungadirei kunwira kubva mutangi icho chitubu ichi chiripo?

111 Chii tsime reUpenyu zvino? Nderipi tsime reUpenyu, tsime reMvura mhenyu? Chitubu, ndicho chatingarifananidze naRo.

112 Zvino ndinoda kuti mucherechedze mutsauko pakati petangi netsime remvura mhenyu; chitubu, netangi rakwegura rakatsemuka rizere netupukanana, madzvinyu, zvura, hutachuona, nezvimwewo, maona.

113 Hechi ichi chitubu. Zvino cherechedzai izvi. Chinozvimiririra choga. Hachidi kuti uchiwanire hurongwa hukuru wounza mari yakawanda machiri. Haufaniri kujoina nhengo dzakawanda. Chinotsigira nhengo dzacho, neMweya wehupenyu huri mavari, huchishanda.

114 Cherechedza mvura inobvamo, yakanaka, isina chayakavhenganiswa nacho, yakachena. Kwete tangi, chimwe chinhu chakasvibiswa chakapakirwa pfungwa dzakasiyana siyana makumi mana, kana makumi mashanu, dzichiti, “*Izvi* zvakanaka, ne *izvo* zvakanaka, nemaonero *aya*,” movhota nokudana, sezvavanoita, momba sangano kubva pazviri. Harina kuvhenganiswa rakachena, Shoko raMwari risina kusvibiswa, richibva muruoko rwaMwari. Chitubu chemazvirokwazvo.

115 Cherechedzai, chakavanzika chesimba racho riri machiri. Munhu haakwanise kuzviwana. Imwe mhando yesimba rekumanikidzwa, riri pasi pachu, rinoita kuti chisundire kumusoro.

116 Ndinorangarira apo ini, ndaive, ndakange ndiri mutariri wemhuka dzesango reIndiana. Ndaiwanzopfuura, muDunhu reHarrison, nepane rimwe tsime, chisipiti. Chaigara chichingotubuka nguva dzose. Zvino ipapo, o, chaitaridzika kuva chinhu chaiva nemufaro kudarika zvino zvose. Zvisinei kuti pasi paive nemazaya echando, magodo echando, pakagwamba nechando, kuchitonhora zvakadini, chaingotubuka zvakadaro; apo tumadziva nematangi zvakagadzirwa nevanhu, zvine matatya nezvese, zvakagwamba nechando, kuita dombo.

117 Zvinongoratidza kuti sangano ripi zvaro, rikangoshaya Mweya zvisoma kana pakave nekakushanduka kemamiriro ekunze, rinobva ragwamba nechando. Asi chitubu chaMwari, Ndiye—Ndiye mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Chinoita kuti zvimwe zvinhu zvose zvitubukire kunze kwacho zvichisairirwa kunze kwacho. Hapana chirimo imomo, kubvira pakutanga. Pachinongopindamo chete, chinochisaidzira kunze.

¹¹⁸ Chinhu ichi chaingotubuka—tubuka zvakadaro, ini ndikati, ndakagara ipapo rimwe zuva, ndikafunga, “Ndinotenda ndichataura nechitubu ichi, kwekanguva.” Ndakabvisa nguwane yangu, ndikati, “Chii chiri kunyanya kukufadza zvakadaro? Chii chauri kutubukira—tubukira zvakadaro? Zvimwe nokuda kwekuti nondo dzinonwa kubva pauri, apa neapo.”

Dai chaikwanisa kutaura, chingadai chakati, “Kwete.”

Ndikati, “Zvimwe nokuda kwekuti ndinonwa kubva pauri.”

“Kwete, handizvo.”

¹¹⁹ Ndikati, “Saka, chii chiri kuita kuti unge usina zvimwe Zvinhu, wakaisvochena? Zvino chii—chii chiri kutubuka, chinoita kuti utubuke—tubuke, wakazara nemufaro nguva dzose, hapana chinoita kuti ugwambe nechando? Uri kutubwida—tubwidira mudenga, uye hauna zvirimo; mvura yakachena.”

¹²⁰ Dai chaigona kutaura kwandiri, mungazivawo zvingadai zvakataurwa netsime iri? Ringadai rakati, “Hama Branham, handini ndiri kutubwida. Pane chiri kumashure kwangu, chiri kuita kuti nditubwide.” Ndizvo zvazviri. Inzwi risina kunyatsokwana, asi munoziva zvandiri kureva.

¹²¹ Ndizvo zvazviriwo nechitiko chekubarwa patsva. Haukwanisi kuzvibata. I—itsime remvura riri mauri, riri kutubwidirira kuHupenyu husingaperi. Maona, pane zviri pachiri, zvokuti haunei nechekuita nazvo. Matangi akagadzirwa nevanhu anogona kugwamba nechando, ivo vachikumbira rumutsiro nezvese; asi munhu ari pasi peTsime iri, achigara muTsime, masikati neusiku! Kwete, huzongomiriri pamvura dzinonaya nerumutsiro zveemunharaunda. Wakatozara naYo. “Ndichamupa tsime reUpenyu, maari, richtubwida.” Pane zviri maRiri, rakanaka zuva nezuya, harina masanganiswa uye rakachena. Ndiro Shoko raMwari risina kusvibiswa riri mumoyo nemumuromo mako, Richizvisimbisa, Richizvipupurira. Handina basa kuti kuri kunaya, kana kunaya chando, kana kuti mamiriro ekunze akadini, uchiri kungofara nokuti Mweya Mutsvene urimo uchitubwida. Ndiro Simba rakavanda. Cherechedzai. O, chakavanzika chacho chiri mukati macho.

¹²² Chinozvipa, pachena, kune ani naani anozonwa nekushandisa hupfumi hwacho. Zvino hauzoita nharo, uchiti, “Saka, zvino ndinongofanirwa chete kuenda kucheche yeMethodisti nokuti ndiri muMethodisti, parumutsiro. Ndinofanira kuenda *uko*, asi (kana) ndinofanirwa kuenda kumaPentekosta nokuti ndinoshumira murumutsiro rwePentekosti.” Ndiri kukutaurira, pawakawana tsime reMvura iri richtubwida, Tsime riya, kana uchinwa ipapo, hapana mutsauko, unopa kune chese chinopfuura nepo. Wakagadzirira kupa tariro yeUpenyu kumuKatorike, kumuProtestant, kumuJudha, kumunhu asingatende kuti kuna Mwari, kana

angava ani. Zvirokwazvo uri, zvirokwazvo une chimwe Chinhu mauri, chiri kuzviita.

¹²³ Unocherechedza chimwe chinhu pane zvachiri, hachidi kupombwa. Hachidi kuti uchikweve, kana kuchipomba. Ndawona zvakawanda zvakadaro kusvika pokuti zvinondirwarisa, kupomba chimwe chinhu; kuridza mumhanzi une ruzha, nokusvetuka svetuka, kana—kana zvinyorwa zvakawanda zvinenge zviri muguta, nezviratidzo zvikuru kuru, “Munhu wenguva ino.”

¹²⁴ Panongova neMunhu wenguva ino mumwe chete, ndiJesu Kristu, Uyo ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Pane Mutumwa mumwe chete kubva kuna Mwari, ndi—ndiJesu Kristu. Hongu, changamire.

¹²⁵ Hazvidi kuti upombere Ichi kumusoro, kana kuChikwevera pasi. Kana, kwete, hazvidi kuti uIjoini. UnongoItora, pachena. Amen. “Ndini Tsime reMvura yeupenyu; makaNdisiya, kuti muende kunozvigadzirira matangi.” Zvino hazvidi kuti uIpombe, uIpombe, uIkweve, uIjoinhe, uIchere, hapana zvimwe. Unofanirwa kungoItora, pachena.

¹²⁶ Haudi dzidzo yeshoko yakaitwa nevanhu sesefa yejira, kana, kuti ikuudze zvinopfuura nemaChiri, zvaChakaita. Hapana. Dzimwe dzidziso dzeshoko dzakaitwa nevanhu dzehurongwa hwezvefundo, chinamato chehutsvene hwekuzvipa mune *izvi*, mune *izvi*, kana rimwe tangi rehurongwa hwekunamata; hauridi. Harifanirwe kunge riripo. Ukaisa dhende pane Ichi, Chinorikandira mudenga mumhepo. Hachinei nechekuita naro. Chinozvimiririra! ISimba raMwari riri kutubukira kuUpenyu. Ko munhu angasiireiko chinhu Chakadaro, kuti azvibanidze nehurongwa, zvinopfuura zvandingagona kutaura. Haridi sefa yejira. Hachiridi. Hazvifaniri kudaro, hachimirire mvura dzinonaya munharaunda kuti chizare. Chakazara nguva dzose. Amen.

¹²⁷ Mumwe munhu, ndinonzwa achiti, “Nhasi handisi kufara ndakangoderera.” O, ini zvangu!

¹²⁸ O, ndinofara kuve ndichigara muHupo hwaMwari, kunyangwe zvinhu zvichifamba zvakana kana kuti kwete. Ndiye Upenyu hwangu. Amen. Ndiye Upenyu hwedu. Ndiye Upenyu, Upenyu uzhinji. Hongu, changamire. Zvino—zvino tarisai zvaChinotiitira. Simba nehuramba tsvina hwaCho zviri maChiri. Hachidi kutanga chamboiswa mvura yemutangi, kana inobva pane humwe hurongwa.

¹²⁹ Mumwe munhu anoti, “Zvakanaka, nderipi kadhi rako rehuhengo? Ngationei kana uri muBhaptisti akanaka. Ndinoda kuona kana uine kadhi. Kana—kana, uri muPentekosta akanaka, kana uri muOneness, muTwoness, muThreeness, kana—kana zvimwewo.” Maona, hachidi kutanga chapomberwa mvura. Chinongogara chichiyerera. Yaa.

130 Munoziva, ndaimbovawo netangi rakwegura, ndaitodira mvura imomo ndopomba ndopomba ndopomba, nechipombi chinokweva, kuti ndiiburitse kubva imomo; munoziva, ndaidirazve imwe mvura imomo, robva radira zvipukanana nezvimwewo, ndichipomba kuti zvipukanana nezvimwe zvibude. Ndizvo zvakaitawo rumwe rwerumutsiriro rwehurongwa.

131 Asi, tinotenda Mwari, “Riripo Tsime rizere neRopa, apo vatadzi vanoshamba pasi pemafashamo!” Hauiti nhengo dzechechi; novaita maKristu kana vachinge vauya kuTsime iri.

132 Ko ungasiiireiko Tsime remvura mhenyu, kuti unonwa pachidziva chakadaro chine tsvina?

133 Hapana zvekumbopomba; simba raCho riri machiri. Hachidi kupomberwa mvura, hongu, changamire, nokuti (Icho chomene) Upenyu hwaCho huri maChiri. Ndizvo zvakaitawo mbeu yaMwari mumoyo wemunhu. Upenyu hwaMwari huri mukati memunhu, kwete muchechi. Mauri, huri mauri, iwe ndiwe une chizenga cheUpenyu mauri.

134 KungoChiravira chete kamwe zvinopa kugutsikana kuvashumiri vose vakasiyana siyana. Bvunza muprisita weKatorike, bvunza muBhaptisti, kana angave ani. Kungoravira chete kamwe mvura iyi yemuchitubu yakaisvonaka, ndiri kukutaurirai, inopa kugutsikana kuti Ichi iChokwadi. Munhu wako wemukati ane nzara, zvisinei, inogutsa uyo ane nyota, zvakadaro. Zvino kana usiri kunzwa nyota... MuBhaptisti muduku uyu, akange asinganzwe nyota, pakutanga; asi paakazonzwa nyota, mvura yacho yainaka zvikuru. Ndizvozvo, asi unofanira kuva nenyota, “nyota yakaropafadzwa,” semadanirwo azvakaitwa naJesu. “Makaropafadzwa imi kana muine nzara nenyota yekururama, nokuti muchazadzwa.” Jesu akazvitauro, shamwari. Hongu, changamire, ITsime rakaropafadzwa kune vane nyota.

135 Ko munhu angadirei kuChichinjanisa nemajawi? Ungade here kutsivanisa chitubu nemvura yemajawi, yakazara nezvipukanana netsvina yedzidziso dzevanhu dzemhando yose, iyo Mwari akati, “Kupamhidzira rimwe kuShoko raKe, kana kubvisa rimwe remaShoko aKe, chikamu chake chinobviswa muBhuku reUpenyu”?

136 Zvino kana Mwari akavimbisa kuti Aizosimbisa Shoko iri muzera roga roga, “Nokuti vimbiso iyi ndeyenyu nevana venyu, neavo vari kure, neavo vose Ishe vaachazodana,” sei uchida kupomba nepombi yezve hurongwa yakaisosvibiswa kwemakore, nemana yakare? Zvimwe kuda mana yacho yakange yakanaka, hatipikisani nazvo, mumazuva aMartin Luther, mumazuva *eizvi* nemumazuva *eizvo*, nevamwe vavandudzi, hapana chakaipa; asi imana yakasouya kare kare.

¹³⁷ Kana tikacherechedza muBhaibheri, kuti vaitofanirwa kuinonga zuva roga roga. Vaitofanirwa kuinonga iri itsva. Mushure mokunge yati garisei, yaiora. Haikwanisi kuora isingaparare. Inofanirwa kuva iine hutachuona mairi, kana zvimwe zvino—zvinoita kuti iwore. Tinoziva kuti zvakadaro.

¹³⁸ Ndizvo zvimwe nehurongwa! Mushure mokunge hwavepo kubva pane rumwe rumutsiriro rukuru huchienda pane rumwe, hunozosvika pakusvibiswa hwobva hwazara netumbuyu, setangi rakazara tupurunya, semadaniro ataizviita, tupukanana twaizvonyongoka zvonyongoka imomo.

¹³⁹ Ndiro dambudziko rine chiitiko chevanhu vakawanda nhasi. Vaka—vakazara tupurunya, tuchizvonyongoka kubva pane uyu kuenda pane uyu, nepane uyu kuenda pane uyo, vachitaura ngano dzisina kana Chokwadi madziri. Ndizvozvo, vachizvonyongoka kubva pane uyu kuenda pane uyo. “Ndaive muMethodisti; ndakazojoinha maBhaptisti. Ndaive muKatorike; ndakazoenda kunova *izvi*. Ndikaenda kunova *izvo*.” Tunongova tupurunya. O, kanganwai zvose!

¹⁴⁰ Uyai paTsime, ameni, Chitubu, Hupo hwaKristu hunorarama nokusingaperi! Ndinotenda kuti Iye ndiye Tsime reHupenyu risingapwe. Sehuwandu hwezvaunenge uchiwana kubva kwaAri, ndiwo manakiro arinova, richibvawo ratutsira kutonhoresa, ndiko kuvewo nani kwarinova, nekunyanya kutapirisa. NdaMushumira zvino kwemakore makumi matatu nematatu, asi zuva roga roga rinotapira zvinodarika zvezvuro. Handina kumbo... Akati hamuzombofofa makava nenyota kana tikanwa Mvura iyi. Cherechedzai kuti Chinhu chikuru zvakadini. O!

¹⁴¹ Israeri yakaita sezviri kuita vakawanda nhasi, vakasiya tsime remvura mhenyu, vachizvivakira matangi.

¹⁴² Zvino tichitaura pamusoro penyasha kwekanguva, kuti chii nyasha dzaMwari. Tine mitemo nezvitevedzwa, “Ukasavika pachiyero ichi... Ndine chimuti chokuyera manamatiro; ukasangosvika chete pachiyero chakadai, unofanirwa, haukwanisi kupinda,” nezvakadaro. Asi Mwari anotiponesa nyenyasha, kwete nechimuti chekuyera. Maona? Asi Mwari, tave kutaura zvenyasha zvino, kuti zvakamboitika sei, kunwa kubva paAri. Kubva pachimuti chekuyera ichi... .

¹⁴³ Kunyunyuta, Israeri yainyunyuta. Tarisai, Akati, “Ini ndichakushanyirai zvakare.” Cherechedzai muGwaro. Cherechedzai, Ari kuzovaedza, kuzovashanyirazve. Israeri yainyunyuta, paGungwa Dzvuku, yakakokerwa kuti iMutevere nemumvura dzeMuEgipita dzakasviba, kuti vave vanhu vakasununguka. Vaive nhapwa. Vakakokerwa kuti vauye kuzova vanhu vakasununguka, pamwechete Naye. Vachibuda nemugungwa rakafa, gungwa rakafa; Gungwa Dzvuku; ndizvo zviri nani, vakabuda naimomo, vachipinda murenje, kuunza

patsanuro pakati pavo nevatevedzeri vaiedza kuzvitevedzera, vasina kudzingiswa.

¹⁴⁴ O, ndizvo zvakakonzera dambudziko. Mumwe nemumwe wavo akapararira mure...kana kuti mukati—mukati megungwa, Farao nehondo yake. Vakaona vanhu vachifamba neSimba remweya, zvino ivo vakauyayo vakaedza kuzvitevedzera, vasina chikamu muMaropafadzo. Pavakadaro, vakaparara. Kuenzanisa kwepanyama.

¹⁴⁵ Munhu anoedza kuita zvakadaro, anoedza kutevedzera chimwe chinhu, zvino ari kutevedzera ari munyama muKristu wechokwadi.

¹⁴⁶ Hama yangu yekuIndia iyo inozviziva. Ukasvika muBombay unoona vanhu veko, maHindu nevamwewo, varere pamusoro pesimbi dzinobaya nepa...vachifamba nepamagirazi ne—nekufamba mumoto, vachiratidza zवानogona kuita, nezvinhu zvakaite se...Kutevedzera kwenyama mumwewo munhu anogara mumasango, ari kuzviita achipirisa kuna mwari wake.

¹⁴⁷ Tinoona munharaunda dzose dzezveupenyu hwekunamata, kutevedzera kwenyama, mumwe munhu achiedza kuva sezvakaita mumwe. Pane muenzaniso mumwe chete watinofanira kufanana nawo, kuva saJesu Kristu, Uyo aive Shoko. Zvino kana Shoko raMwari rauya kwauri, zvinoitika nenzira imweyo.

¹⁴⁸ Asi Mwari akavatungamirira kusvika kunyika yechipikirwa, zvakadaro. Vakawana, zvakare, tangi rimwe nerimwe, pavakatanga kufamba nemurenje vari murwendo rwavo, mushure mokunge vazvipatsanura, vakazoono kuti tangi roga roga rakange raoma.

¹⁴⁹ Uchawanawo zvinhu zvimwe chete, hama, kana watanga rwendo urwu kuNyika yechipikirwa. Uchawana mikova yakavharwa. Sekutaura kwaita kamuparidzi kaya, kamuAnglikeni, kana zvimwewo zvaangadai aive, zvino, chinhu chokutanga munoziva, chechi yake yakamudzinga. Maona, paakangoita kuti vakawanda vagamuchire Mweya Mutsvene, ndipo pazvakaperera.

¹⁵⁰ Zvino—zvino Israeri yakawana zvinhu zvimwe chete, semienzaniso, vari murwendo rwavo kuenda kunyika yechipikirwa. Matangi ose akange akaoma. Hongu, rwendo rwavo vateerera Shoko raKe rakavimbiswa, rwendo rwavo, mumatangi avo, vakamuwana makaoma. Zvino vakawana tangi—matangi kuti akange asingagoni kuvimbwa nawo, parwendo.

¹⁵¹ Kana uri uchapinda parwendo waterera Shoko raMwari, woedza kujoina *ichi* nekujoina *icho*, uchazoono kuti hapana tangi mukati menyika rinoZvitsigira. Kana rimwe zvaro. Uri munhu akazvimiririra. Mwari anokutungamirira chete nenzira

yaAnoda kukutungamirira. Zvino, tawanawo chinhu chimwe chete nhasi, matangi ose aoma.

¹⁵² Asi vimbiso, dzinogara dziri dzechokwadi, kuna Mwari Anochengeta vimbiso yaKe kuvanhu vaKe. Akavimbisa kuvapa vose zvavainge vachishaiwa, zvino Akazviita. Pakati pematangi asina chinhu, akaoma, pafungei ipapo; zvino Israeri vanyunyuti, vari mugwenga, murwendo rwavo! Akadana muranda wake mutungamiriri, muporofita Mosesi, kunze nechepadivi, ndokuzarura tsime remvura mhenyu, paDombo rakarohwa, kuti vana vaKe vanotenda vasaparara.

¹⁵³ Muzuva rino, zvinotaura pamusoro penyasha, kwandiri. Hatikodzeri. Maitiro atakaita, nemararamiro atakaita, hatikodzeri.

¹⁵⁴ Asi Mwari, muzuva rino, sepano mangwanani ano, tarirai, kumuMethodisti, Bhaptisti, Presbstariani, Katorike, nevese, Azarura Tsime. VaHebheru 13 inozviratidza, kuti Iye ndiye mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Saka ino—inoita kuti ive chokwadi, Johane 3:16, “Nokuti Mwari akada nyika, nokudaro akapa Mwanakomana wake mumwe chete, kuti ani nani anotenda maAri arege kufa, asi ave neUpenyu husingaperi.”

¹⁵⁵ Zvino yakasimudzwa nokuda kwechikonzero chakapetwa, nokuda kwekuti vanhu vakange vachinyunyuta nekuita zvivi, vakarumwa nyoka vakange vave kufa; kuitira kanganwiwo yezvivi, zvavo nekupodzwa kwehurwere hwavo.

¹⁵⁶ Ndiro Tsime rimwe chete rakazarurirwa isu nhasi, kuitira ruponeso rwedu nekupodzwa kwedu, kupodzwa panyama. “Nokuti Iye ndiye mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi.”

¹⁵⁷ Zvino Dombo rakarohwa neShoko raMwari rakavimbiswa, sekuraira, Rakange richiburitsa mafashamo emvura isina masanganiswa yakachena; kwete—kwete ine tsvina, isina kana kumbosvibiswa, asi Hupo hwaIvo Mwari. Mvura isina masanganiswa, yakaponesa vose vakanwa. Zvino tinoziva kuti ichokwadi, nokuti tinozviverenga muTestamente yaKare, semufananidzo.

¹⁵⁸ Zvino, chakange chisingade kuti uchikweve, uchipombe, uchijoine, uende kuseminari kuti udzidzire mashandisirwo acho. Vachakutaurira mashandisirwo acho ikoko, maona, “O, zvakanaka, iwe, kana wakagamuchira Mweya Mutsvene, tinozvitemba, asika iwe—iwe chiita nenzira *iyi*.”

¹⁵⁹ Asi, muri kuona, haukwanise kuchiitisa zvaunoda. Haushandise Mweya Mutsvene; Mweya Mutsvene unoshandisa iwe, maona. Maona, haufanire, haufanire kushandisa Mweya Mutsvene; Mweya Mutsvene ndiwo wakakuwana. Chipo hachisi chinhu chaunotoro, sebunga, worirodzesa penzura. Kuzvipira kunaMwari, iwe wozvibvisa munzira kuitira kuti Mweya Mutsvene uzokwanisa kukushandisa.

160 Cherechedzai, vakange vasingazofanirwe kuchipomba kana kuchikweva, kana vakange vasingazobvunzi, “Zvino mvura iyi tinoishandisa sei?” Nokuti, vaiziva kuishandisa. Vaive nenyota. Vaiziva zvokuita nayo.

161 Ndizvo zvakaita murume kana mudzimai, chii, zvisinei kuti ndewe chitendwa kana sangano ripi. Kana aine nyota yaMwari, haazomhanyi achidzokera kuseminari, sezvakaita hama iyi yechiAnglikeni, kana hama yechiBritishi, usiku hwapfuura, akadzokera kunobvunza zvokuita, kucheche yeAnglikeni, kuti aizoshandisa sei chipo chikuru ichi chaakanga awana, kutaura nendimi, uye kuti aizoita sei *izvi*. Vaitomudzanga, kubva pakutanga. Maona? Aiva nenyota, nokudaro Mwari akabva angomuzadza. Ndizvo zvazvinongoda. Kuva nenyota, zvino Iye anobva azadza.

162 Hazvidi kuti uve nechinhu chinenge chichikudzora, mumwe munhu anokuudza zvokuita nacho. Mwari anotungamirira munhu woga woga nemu—munzira yaAnoda kuti uzviite. Uri du—dungamunhu, iwe pachako. Uri chidimbu chaMwari. Hapana anogona kutora nzvimbo yako. Hapana nzira yokuti usungirwe kuenda kune mumwe munhu, uchiti zvino, ndinofanirwa “kuti ndigoita *izvo*, nacho” kana kuti ndinofanirwa “kuti ndigoita *izvo* nacho” Kwete, changamire. Mwari anochishandisa nenzira ya—yaAnoda. Kana uine nyota, unoziva kuti unofanirwa kunwa.

163 Kana une nyota mangwanani ano, inwa kubva paChiri, ndizvo zvoga zvaunofanira kuita. Mwari akanga apa nzira yenyota yavo, vana vaiva nenyota kuti vanwe pachena kubva paAri. Zvino Mwari apa nzira kumurume nemudzimai wose mangwanani ano, ane nzara nenyota. Zvimwe kuda pane vanhu vagere muno, vasina kumbobvira vaponeswa. Pane vanhu vagere muno vave pedyo kuti vaponeswe.

164 Pane vanhu pano, vagere muno senhengo dzecheche, munoda kuita zvakanaka, asi muri kunwa kubva mutangi. Havazombofa vakakuudzai Zvokwadi izvi.

165 Chinhu choga, kuuya, watora vimbiso dzaMwari wouya kuTsime, zvino Anozopedza nyota. “Uyo anonwa kubva paTsime iri haazova nenyota zvakare.”

166 Cherechedzai zvino ma—masununguriro aAkaita vaKe—vaKe avo vakagamuchira mvura iyi, nenyasha, kwete nehurongwa kana tangi refundo. Anosimbisa Shoko raKe, chitubu chinopa Upenyu. Vangani vari muno vanoziva kuti vakagamuchira Upenyu pamakatora Shoko iri nemvura yaKe, kuziva kuti makagamuchira Upenyu? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

167 Ngatitorei, tingati, sezvakaita, mumwewo muenzaniso, kana miviri, ndobva ndazovhara mushure mekanguvana. Ndi—ndine bhatani riya chete pane imwe nzvimbo. Asi cherechedzai.

Ndinongoramba ndichitaura, asi ndinenge ndisingadi kudaro. Tarisai, ngatitorei semuenzaniso, vamwe vanhu vashoma.

¹⁶⁸ Ngatitorei mudzimai aiva patsime raJakobo, tsime rakacherwa. Heyo uyo agerepo. Ndizvo zvoga mudzimai zvaaziva, tsime iri kwaaiuya kuzochera mvura. Zvino nechepedyo netsime akawana, panzvimbo iyo, Murume agerepo, muJudha. Iye akange ari muSamaria, iguta reSaika. Zvino tinoona kuti Murume uyu, muJudha uyu, akataura Shoko rakange risina kujairirwa kumudzimai uyu, akati, “Ndipewo mvura.”

¹⁶⁹ Zvino akati, “Tine rusarura ganda. Hazvi—hazvina kunaka kuti Iwe undibvunze mubvunzo wakadaro; Iwe uri muJudha, ini ndiri muSamaria.”

¹⁷⁰ Akati, “Asi dai waiziva Wauri kutaura naye, waiNdikumbira mvura yekunwa, Ndaikupa mvura zvokuti hawaizouya kutsime iri kuzoinwa; rigova tsime remvura inenge ichitubwida mauri.” Cherechedzai paakazviona zvakaraidza kuva Chokwadi!

¹⁷¹ Zvino, chokutanga, munhu wose aigona kunge akataura kudaro. Asi akati, “Munoti namatai muJerusarema, isu tinonamatira mugomo iri.”

¹⁷² Akati, “Ruponiso nderwe maJudha. Tinoziva zvatintenda. Asi,” ndokuti, “rega Ndikutaurire chinhu chimwe chete,” nemashoko akadai, “kwete mugomo iri, kana muJerusarema. Nguva ichauya apo vanhu vachanamata Mwari muMweya nemuZvokwadi, nokuti Baba vanotsvaga vakadaro.” Akati, “Enda unotora murume wako uuye pano.” Tarisai, pano zvakazviratidza. Kuratidza pano patsime paaiva. Akati, “Enda unotora murume wako uuye pano.”

Akati, “Handina murume.”

¹⁷³ Akati, “Wataura chokwadi.” Maona, zvaitaridzika sokunge zviru kupesana zviru pachena nezvaAkange amubvunza, akati, “Enda unotora murume wako.”

Akati, “Handina murume.”

¹⁷⁴ Akati, “Wataura chokwadi.” Ndokuti, “Nokuti wakava nevashanu, uye uyo waugere naye iye zvino haasi wako.”

¹⁷⁵ Tarisai mudzimai uyu, kusiyana kwacho nevaprisita vezuva iroro! Vaprisita vezuva iroro vakaona chinhu chimwecho chichiitika, ndokuti, “Ndidhiyabhorosi, kuverenga pfungwa, kana kuti—kana kuti ndiBherizabhabhu.” Maona, vakatadza kuona Shoko richizvivimbisa.

¹⁷⁶ Asi mudzimai muduku uyu aiziva Magwaro kudarika vaprisita vose. Akati, “Changamire, ndinoona kuti Muri muporofita. Hatisati tambova nomumwe kwemakore mazana mana, kubvira pana Maraki. Asi,” ndokuti, “pane watanga tiri kungotarisisira, zvino tinoziva kuti pane Mumwe ari kuuya, Mesia. Kana Auya, izvi ndizvo zvaAchaifa.”

Jesu ndokuti, “Ndini Iye.” Amenii.

¹⁷⁷ Mambocherechedza here, akasiya chirongo chake patsime raJakobo, ndokumhanyira muguta; akazara nechitubu! Akanga azviona zvichinyatsosimbiswa, Iye akange ari Tsime reHupenyu. Regai ndimuzivise kwamuri. Akarisiya; paAkazviratidza kuti aiva Shoko reHupenyu. Akarisiya; akange awanikidza Dombo rimwe chete, rakarohwa murenje, rikaratidzwa kuti rakange riripo.

¹⁷⁸ Regai nditi, Mwari mumwe chete akange aripo mazuva akapfuura, uyo watinotaura zvakananyanya pamusoro pake, Aripo pano iye zvino; kwete nekunzwisisa kwedzidzo yeshoko, asi kuzvizivira simbiso yaKe yokuti aAizodurura mumazuva ano okupedzisira, Mweya Mutsvene pachechi yaKe. Haasi “Ndaiva.” Achingori “NDIRI,” iye zvino, nguva dzose.

¹⁷⁹ Zvino tangi rakarasikirwa nokutapira kwaro. Ndizvo zvinoita munhu wose anowira musimba raMwari, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, hurongwa hwemasangano hunorasikirwa nekutapira kwahwo. Hauchadzve zvemvura dzine matatya, nemadzvinyu, etumbuyu, nezvimwewo. Uri kunwa kubva paTsime rakanaka risina masanganiswa, Shoko raMwari, rakangozvinakira awa yoga yoga mumoyo mako. Zvimwe chete saiye zvino, apo Shoko rakaratidzwa kuva Chokwadi, ravira uone kana zvisiri izvo.

¹⁸⁰ Kunyangwe tsime rakamboshanda zvakanaka, rikashumira nguva yaro zvakanaka; asi, munoona, Tsime reHupenyu rakange riripo, kwete tsime raJakobo zve, kuti unwe pamweya. Zvavakafunga, kuti kana vakanwa kubva patsime iri, sei, zvaizenge zvakanaka; asi zvino Tsime reHupenyu Amene akange agere ipapo.

¹⁸¹ Zvino hatidi hurongwa, nemasangano atanga tiinawo. Tave panguva yekuguma. Mwari akavimbisa, munguva ino yekuguma, zvinhu zvaAinge achizoita. Tiri kuzviona zvichizadzikiswa, paShoko roga roga. Tinonzwa varume vemasimba ehondo, vachisimuka, vachidedera, vachiti, ivo, “Pane zvave kuda kuitika.” Tinonzwa Mweya Mutsvene uchitiyambira kuti pane zvave kuda kuitika. Tinoona zvinhu zvose zvave muhurongwa. Zvino, chisiya hurongwa uhwo uuye kuTsime. Hongu, changamire.

¹⁸² Chakapedza basa racho, asi akange zvino achitarisana chiso nechiso neChitubu Chomene.

¹⁸³ Muna Johane 7:37–38, Jesu akati nemazuva ekuguma kwemutambo wetabhenakeri (Akati kudini?), “Kana paine munhu ane nyota, ngaauye kwaNdiri, anwe.” Ipo pakati peboka revanzveri veshoko! “Kana paine munhu ane nyota, ngaauye kwaNdiri, azonwa. Nokuti Magwaro akanga areva achiti, kubva mukati maKe pachayerera hova dzeMvura mhenyu.”

184 Hero Tsime benyu. Ndiro Tsime rasiwa nevanhu nhasi. Nokuda kwezvitendwa, vasiya Tsime reMvura mhenyu. Regai ndikuzivisei kwaAri. Iye, kwandiri. . . Ndave kuvhara.

185 Iye, kwandiri, ndiro Tsime rakaponesa hupenyu hwaHagari, nemwana, pavakange vave kufira murenje.

186 Ndinotenda kuti Ndiye Dombo riya, muna Isaya 32, Ndiye Dombo riya munyika yave nenyota. Ndiye hutiziro munguva dzedutu.

187 Zakaria 13, Ndiye Tsime rakazarurwa Mumba yaDhavidha, kupedza zvivi. Ndinotenda kuti ndizvo zvaAri. Ko imiwo? [Ungano inoti, "Ameni."Mupepeti.]

188 Muna MaPisarema 36:9 Ndiye tsime reHupenyu raDhavidha. Ndiye Mvura dzinozorodza dzaDhavhidha, nemafuro manyoro. Kuna Dhavidha, Ndiye Mvura dziri panhivi dzorukova.

189 Muna Genesi 17, Ndiye Mazamu ekuyamwa aAbrahama, El Shaddai. Asi upenyu pahwakange hwabuda maari, zvisinei iye. . . Mwari akati.

190 "Murume ane makore zana okuberekwa, ko chinhu ichi chichaitika sei? Ndakwegura, mudzimai wangu akwegura, ko zvinhu izvi zvingaitike sei?"

191 Akati, "Ndini El Shaddai." Zvino, *El* zvinoreva "iye," na—na *Shaddai* zvinoreva "zamu," zvino shaddai anenge awedzerwa, zvichireva kuti "Ndini Mwari ane mazamu."

192 Sekamwana kasina kugadzikana kari kurwara, zvino simba rako rinenge rapera, kanovata pachipfuva chaamai vako koyamwa simba rako rodzokazve. Ichokwadi. Kwete chete. . . Pakanenge kachiyamwa, kanenge kasisashiringinye. Pachipfuva chaamai, kanogutswa pakanenge kachiwana simba.

193 Uye ani nani anatora vimbiso yaMwari mumwoyo make, kuti, "Vimbiso ndeyenyu, nevana venyu, neavo vari kure, neavo vose vachadanwa naIshe Mwari wedu," wonyatsotsamirana nazvo woyamwa simba rako kuti ridzoke. Mwana usina kugadzikana, zvitende! Ndezve vatendi.

194 Kuna nyanduri mutendi, ndinogona kufunga dzimbo dzakawanda dzatakanyorerwa navananyanduri. Paiva nemumwe wavo akati pane imwe nguva, Iye. . .

Pane Tsime rizere neRopa,
Rinobva mutsinga dzaEmanueri
Umo vatadzi vanoshamba pasi pemafashamo,
Vosukwa tsvina dzemhosva dzavo.

Iyo mbavha yanga yofa yakafara kuona
Tsime iro muzuva rake;
Ipapowo ini, kunyange ndakaipa saiye,
Ndinosukwa zvivi zvangu zvose.

Zvino kubvira pandakaona rwizi urwu
 nokutenda
 Mavanga enyu achierera,
 Rudo runodzikinura ndiro rakava dingindira
 rangu,
 Uye richava kusvikira ndafa.

¹⁹⁵ Kwandiri, Ndiye Mvura dzeShoko dzeKupatsanura, dzinokupatsanura kubva pane chose chinopesana neShoko raKe. Ndiro Tsime randinotenda kuti ndizvo zvaAri. Hongu, changamire. Kuti, Ndidzo Mvura dzakandipatsanura kubva kumatangi akagadzirwa nevanhu, kuTsime reMvura mhenyu. O, shamwari, ndinongokwanisa... Unogona kuramba uchingoenderera uchingoenderera, nezvinhu ne—nezvaAri kwatiri! NdiAlfa, Omega. Ndiye Mavambo, Ndiye Magumu. Ndiye Uya aivapo, aripo, uye achazouya. Ndiye Mudzi neMwana waDhavidha. Ndiye Nyeredzi yeMangwanani. Ndiye Zvose kwandiri.

¹⁹⁶ Zvino, hama, hanzvadzi, kana wanga usati wava ne—ne... Wanga uchiri kunwa kubva pakatangi kakagadzirwa navanhu, upenyu hwako hwose, ko wadii mangwanani ano kusiya tangi irori wouya kuTsime iri?

¹⁹⁷ Ngatikotamisei misoro yedu kwekanguvana. Takakotamisa misoro yedu... [Imwe hanzvadzi inotanga kuimba nendimi. Kunyarara patepi. Mumwe anopa dudziro—Mupepeti.]... sekuona kwangu, kokero yekuaritari. Vangani zvino?

¹⁹⁸ Nda—ndanga ndichingohuta—huta, nda—ndakuchengetai kwenguva refu, zvandiita kuti ndigurire mharidzo yangu kuita zvidimbu zvidimbu. Asi ndinotenda kuti Mweya Mutsvene uri kuda kuti mubate zvandanga ndichireva. Tarirai, hapana chinopfuurira pakukosha muzuva rino kudarika kuve wakarurama pamberi paMwari; maona, kudya kwakanyatsogadzirwa, chingava chii, chipi zvacho. Ishe ari pano. Zvino, ndakangozvinzwa kamwe chete muupenyu hwangu, kusvika panguva ino.

¹⁹⁹ Zvino vanga... imi mose muri pano, kwete “vangani.” Imi mose muri pano munoda kunwa kubvaMo, chingosimukai kweminiti, kuti tinamate. Mwari akuropafadzei. Ishe akuropafadzei.

²⁰⁰ Zvino vangani vari muno, vaka—vakamira iye zvino, vanoti, neruoko rwakasimudza *seizvi*, “Mwari, fambaiwo pandiri, chingondizadzaiwo, regai ndinwe kubva paTsime iri. Handisati ndambonyatsoita zvakana, asi ndi—ndinoda kuti Mundiregererewo nokuda kwaizvozvo. Ndiri kuda kuti Mushambe zvivi zvangu. Nga—nga—ngandi, kubva nhasi, kuti...”? Ingotarisai! Ini zvangu ini!

Pane Tsime rizere neRopa,
 Rinobva mutsinga dzaEmanuere,
 Vatadzi vanoshamba mumafashamo
 Vosukwa tsvina dzemhosva dzavo.

Vosukwa tsvina dzemhosva dzavo,
 Vosukwa tsvina dzemhosva dzavo;
 Vatadzi vanoshamba mumafashamo
 Vosukwa tsvina dzemhosva dzavo.

²⁰¹ Zvino nokuti, kunewe mutendi wechiKristu, wagamuchira Kristu seMuponesi wako, asi hausati wa... Zvino kana usati, hero Tsime. Rimwe Roga randinoziva nezvaro ndiro Tsime rinobva patsinga dzaImanuwere. Zvino, kana vazhinji venyu vari pano. . .

²⁰² Zvakafanana nezvandaitaura pane umwe usiku nezvekamwe kachapungu kaifamba muchikwere nehuku. Hapana zimwe zvakaiziva kunze kwehuku, asi kaiziva kuti paiva nezviri pakari zvakasiyana nehuku. Zvino amai vako vakauya vachikavhima, ndokudanidzira vari muchadenga. Kwaiva kudana kwechapungu. Maona, kaifanira kuva chapungu, kubvira pakutanga, nokuti hakaizomboziva kudana uku. Maona, kai. . .

²⁰³ Panotofanirwa kunge paine chimwe chinhu, chine chizenga chehupenyu, kana kuti hachizokwanisi kuburitsa Upenyu. Zvino kana Mbeu, Shoko raMwari, riri mauri, Mweya Mutsvene uri pano zvino kurimeresa woRiita chinhu chemazvirokwazvo kwauri.

²⁰⁴ Vangani vari muno vasati vagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, mungasimudzewo here maoko enyu? Kupoterredza, kwese kwese, ingova wakatendeka, kana usati wagamuchira Mweya Mutsvene, asi uri kuuda, simudza ruoko rwako mudenga. Pose pauri, ramba wakaisa ruoko rwako mudenga, kwekangvana.

²⁰⁵ Zvino ndiri kuda, kuti imi makamira kwese kwese muchivaona, ndiri kuda kuti mumwe munhu aise maoko pamusoro pavo.

²⁰⁶ Ndinotenda iye zvino Mweya Mutsvene uchazadza mumwe nomumwe wenyu ari kuUda. Zvino chirega kufunga pamusoro pechikafu chiri mukafeteria. Ngatifungei pamusoro peChikafu chiri pano. Ichi Ndicho. Uhu ndiwo Hupenyu. Maona, uhwu ndiwo Hupenyu.

²⁰⁷ Zvino chitendeukai, mumwe nomumwe wenyu, mobva maisa maoko pamusoro pemumwe. “Zvino vakaisa maoko avo pamusoro pavo!” Zvino ndinoda kuti unamatire munhu wawakaisa ruoko rwako. . .

²⁰⁸ Zvino chirega kufunga nezvekubuda panze. Usafunge chimwe chinhu. Chingofunga, iye zvino, Mweya Mutsvene uri

pano kuzadza munhu wose. Zarura moyo wako, rasa mvura dzose dzemutangi, woti, “O Tsime reUpenyu, uyai mandiri. Ndizadzei, O Ishe Mwari, nerunako netsitsi dzeNyu.”

²⁰⁹ Ishe Jesu, Tsime riya risingapwe! Ndinonamata, Mwari, kuti muchazadza mumwe nomumwe wavo. Dai Mweya Mutsvene wawira pano. Ndinonamata, Mwari, kuti tikanganwe pamusoro pezvimwe zvose; kuti Mweya Mutsvene uwire pakati pedu, iye zvino, ugotipa Mvura dzeUpenyu, pachena, kubva kwese. Zviitei, O Mwari. Apo ku—kuenderera kwemunamato nechimbo, zvichipindana, Ishe, tichiziva kuti Hupo hweNyu, Hupo hweNyu hwehuMwari, tinoda kuuya kuTsime. Tiri kuda chairwo, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwechokwadi. Ishe, vanhu ava vari kuRwunamatira. Ndinonamata kuti, nguva ino iye zvino, vachizadzwa norunako urwu rwaMwari. Zviitei, O Mwari. Inzwaiwo munamato wevana veNyu. Dai Mukauyawo pamusoro pavo, dai Simba raMwari, neMweya Mutsvene, rifambe nepamusoro pavo. Zviitei, Mwari.

²¹⁰ O tinoKutendai nokuda kwedonhodzo, nokuda kweHupo hwaMwari samasimba weKudenga, amire pakati pedu! Panguva ino yamasikati, Ishe, tipei kudya! Ishe, tiri kuda Chikafu kubva patafura yeNyu. Tipei kudya, Ishe, iye zvino. Tipei kudya neMweya wenyu Mutsvene, muupenyu hwedu. Mweya yedu ine nzara nokuomerwa nenyota. Sekureva kwamaita mududziro yechimbo, “Uchadurura mvura pasi pakawoma.” Ngazviitike, Ishe. Regai maShoko eNyu aratidzwe muhana dzevana veNyu, “Mvura pamusoro penyika yakaoma, yatsva nezuva.” Mwari wekusingaperi, inzwai minamato yevaranda veNyu, mutipewo Maropafadzo aya. Amen.

O, kuda kwandinoita Je— . . .

²¹¹ Rambai muchiMurumbidza zvino. Mukazviona, Mweya Mutsvene uri pano. UkasaUgamuchira, imhosva yako.

Kuda kwandinoita Jesu,

“UnoNdida here kupfuura vamwe vose?”

. . .kuda Jesu,
Nokuti Wakatanga kundida.

O, kuda kwandinoita . . . (Mwari
ngaarumbidzwe!)

O, kuda kwandinoita . . . (Ko Akangouya? . . .—
uva?)

O, kuda kwandinoita Jesu,
Nokuti Wakatanga kundida.

Handizombomusiya,
Handizombomusiya,
Handizombomusiya,
Nokuti Wakatanga kundida.

Unoshamisa, unoshamisa, Jesu kwandiri,
 Mupangamazano, Muchinda woRugare,
 NdiMwari Samasimba;
 O, unondiponesa achindichengetedza kubva
 kuchivi nokunyadziswa,
 Anoshamisa Mudzikinuri wangu, rumbidzai
 Iye. . .

212 Ngatimuimbirei zvino!

Unoshamisa, unoshamisa, Jesu kwandiri,
 Mupangamazano, Muchinda woRugare,
 NdiMwari Samasimba;
 O, unondiponesa achindichengetedza kubva
 kuchivi nokunyadziswa,
 Anoshamisa Mudzikinuri wangu, rumbidzai
 Zita rake!

213 Vose vari kunzwa zvakadaro, itai “ameni.” [Ugano inoti,
 “Ameni.”—Mupepeti.] O, hareruya! Ndiri kuona vamwe vanhu
 vari kuuya zvino, vaine Mweya Mutsvene.

Ndakamborasika, zvino ndawanikwa,
 Ndasunungurwa kubva pakupomerwa,
 Jesu unopa kusununguka noruponeso ruzere;
 Anondiponesa, nokundichengetedza kubva
 kuzvivi nokunyadziswa,
 Anoshamisa Mudzikinuri wangu,
 rumbidzai. . .

Ngatisimudzei maoko edu zvino tinyatsonamat. . .

Unoshamisa, unoshamisa, Jesu kwandiri,
 Mupangamazano, Muchinda woRugare,
 NdiMwari Samasimba;
 O, unondiponesa achindichengetedza kubva
 kuchivi nokunyadziswa,
 Anoshamisa Mudzikinuri wangu, rumbidzai
 Zita raKe.

214 Munomuda here? [Ugano inoti, “Ameni!”—Mupepeti.] O,
 zvakanakisa! Ngarirumbidzwe Tsime rizere neRopa, apo vatadzi
 vanorasa kwese kutya munhu, kupomerwa kwese, kusununguka
 maAri. Hareruya! O, ini zvangu, zvakaisvonaka!

215 Zvino tichiimba zvakare, regai maMethodist ose, maBaptist,
 maKatorike, maPresbhatariyani, chipi, apo tiri kuimba,
 “Unoshamisa, Jesu kwandiri,” Ngatitendeukei tikwazisane
 mumwe nemumwe, pave nekusanganisana kwekare. Munoziva,
 ini, ndizvo zvandinoda. Uyai, ngatichiimbai zvino patiri
 kuzviita.

O, anoshamisa, anoshamisa, Jesu kwandiri,

216 [Hama Demos Shakarian inotaura naHama Branham,
 “Hama Branham, ndichangogamuchira shoko pamusoro

paPresident Johnson, amhanyiswa kuchipatara nokuda kwechirwere chemwoyo, zvimwe kuda tinofanirwa kumunamatira pamwe nenyika yedu.” Hama dzinokurukura pamusoro pazvo. Mumwe anoti, “Ngatimirei zvisihoma.”—Mupepeti.]

Anoshamisa, Jesu, (ndizvozvo)

O, Mupangamazano, Muchinda worugare,

²¹⁷ [Hama Shakarian inotaura zvakare naHama Branham, “Ruregerero, ruregerero zvakare, mungade here kumboburuka kwekanguvana?” Hama Earl Prickett anotungamirira ungoro pakuimba, *Anoshamisa*. Ungano inoimba *Pane Rwizi Rweupenyu*. Kumwe kunyarara patepi—Mupepeti.]

Bhaibheri rakati, “Namatirai avo vari kutonga.”

²¹⁸ Baba vedu vari Kudenga, timire tine chikumbiro chikuru pamusoro pemutungamiri wenyika yedu, President vedu. Anogona kutadza kuzviziva izvi, Ishe, asi Imi munozviziva. Ndinonamatira Hama Johnson, seuyo anopupura kuti anotenda maMuri. Zvino, Baba, arohwa nemwoyo, sekunzwisisa kwedu, wamurova. Ndinonamata, Mwari, chengetedzai hupenyu hwake. Tiri pakati pedambudziko re—remunyika iye zvino, zvakadaro. Itai kuti Mweya weNyū uye pamusoro pake, Ishe. Iye zvino, muchipatara, kana kupi kwaangadai ari, regai Mweya weNyū uburukire paWalter Reed Hospital ubate mutumbi wake, uchengetedze upenyu hwake. Ishe, murume uyu ari pasi pekumanikidzwa, kumanikidzwa kunodarika zvatinonzwisisa. Nokudaro tinonamata, Mwari, sevati uye sechikamu chenyika ino, tinonamatira mutungamiriri wedu, kuti Mumuwedzerewo mazuva eupenyu, munguva ino huru, nemuZita raJesu Kristu. Amen.



ZVIRONGO ZVAKATSEMUKA SHO65-0123
(Broken Cisterns)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu Mugovera mangwanani, Ndira 23, 1965, pakudya kwamangwanani paFull Gospel Business Men's Fellowship International, paRamada Inn muPhoenix, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2012 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org